O`zbekstan Respublikasi xaliq bilimlendiriw wa`zirligi

A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti

Mektepke shekemgi  ta`lim kafedrasi

***Reymbekova Gulsin Jumabaevna***

Pedagogika fakulteti

«Mektepke shekemgi ta`lim ha`m balalar sporti» ta`lim bag`darinin`

4 kurs talabasi

# *PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI*

Tema: ***Balanı ta`rbiyalawda ha`m rawajlandırıwda iskerlik tu`rlerinin` a`hmiyeti***

No`kis - 2013 j

Mazmunı


Kirisiw……………………………………………………………….. 3

1.Bap. Balanı ha’r ta’repleme rawajlandırıwda iskerlik tu`rlerinin` a`hmiyeti.

I.1 Baqsha jası da’wirinde balalardın’ iskerliklerinin’ psixologiyalıq o’zgeshelikleri……………………………………………………….. 7

I.2 Balalardın’ g’a’rezsiz ha’reketleniwine sharayatlar jaratıw………… 12

I.3 Balanı ha’r ta’repleme rawajlandırıwda miynet iskerligine ta’rbiyalawdın’ a’hmiyeti……………………………………………….. 17

I.4 Oyınnın` bala iskerligi sıpatında o`zine ta`n o`zgesheligi………….. 27

II Bap. Ta`rbiyanin` ja`miyetlik qubilis ha`m pedagogikaliq protsess ekenligi.

II.1 Balalar baqshasinda pedagogikaliq protsessti sho`lkemlestiriw……. 37

II.2 Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı fizikalıq jaqtan rawajlandırıwdın’ a’hmiyeti……………………………………………….. 39

II.3 Balanin` ruwhiy rawajlaniwinda ta`rbiya ha`m ta`limnin` roli…….. 43

Juwmaqlaw………………………………………………………………… 51

Paydalang’an a’debiyatlar……………………………………………….. 54

Qosimsha…………………………………………………………………. 55

## Kirisiw

***Temanın' aktuallılıg'ı***: Ha'r ta'repleme rawajlang'an, jan'a ha'm erkin demokratiyalıq ja'miyetti du'ziwge pu'tkil intası menen qatnasa alatug'ın sap deneli, ruwxıy dunyası bay, emotsionallıq jag'ınan ziyrek, sotsiallıq jag'ınan belsendi shaxstı qa'liplestiriw O'zbekstan Respublikasında «Bilimlendiriw haqqında»g'ı Nızam ha'm «Kadrlar tayarlawdın' milliy bag'darlaması»n a'melge asırıwdın' og'ada a'hmiyetli ma'selelerinin' biri bolıp esaplanadı.

Sonlıqtanda, hu'kimetimiz bilimlendiriw mekemelerinin' huqıqıy biyligin, oqıwshılar menen ta'rbiyashılarg'a degen itibardı arttırıw ushın mu'mkinshiligi barınsha barlıq ila'jlardı a'melge asırıp atırg'anı tosınnan emes. Al bul o'z gezeginde ma'mleket o'zinin' en' qa'dirli g'a'ziynesin - jas a'wladtı isenip tapsırg'an adamlarg'a–oqıtıwshılar menen ta'rbiyashılarg'a og'ada u'lken juwapkershilik ju'kleydi.

Prezidentimiz İ.A.Karimov o'ziniw ko'plegen miynetlerinde, atap o'tkenindey-aq, «tek nag'ız sawatlı - haqıyqıy bilimli, oqıg'an, maglıwmatqa iye bolg'an adamlar g'ana insan qa'dirine, onın' qu'diretine isene aladı, bahalay aladı, tek usı da'rejede tayarlang'an adamlar g'ana milliy maqtanıshımızdı, o'zinin' milliylik sanasın rawajlandıradı, azat ha'm abat ja'miyette jasaw ushın gu'resedi, g'a'rezsiz ma'mleketimizdin' du'nya ju'zilik ja'miyette o'zinin' tiyisli ornın iyelewine, abıroyg'a, salmaq, hu'rmetke iye bolıwı ushın bar ku'sh jigerin pida' etip, jan ku'ydirip jasaydı» degen edi.

Bul aytılıp o'tilgen pikirler jas a'wladtı ta'rbiyalawg'a ayrıqsha dıqqat awdarıwdı, oqıtıwdı ha'm ta'rbiyalawdı ilimiy tiykarda sho'lkemlestiriwdi ha'm bul isti a'melge asırıwshılardın' o'z qa'niygelikleri boyınsha teren' bilimge iye bolıwın talap etedi.

Bunday qıyın ha'm quramalı wazıypanı a'melge asırıw ushın oqıtıwshılar ha'm ta'rbiyashılarg'a ka'siplik bilimi ha'm pedagogiqalıq sheberligin arttırıwda psixologiya tarawındag'ı biliminiw a'hmiyeti ayrıqsha rol atqaradı.

Demek, bul maqsetke erisiw ushın oqıtıwshılar ha'm ta'rbiyashılardın' pedagogiqalıq qa'niygelikke tayarlaw protsessinde adamnın' ishki dunyasının'

sırların teren’ ug’ınıp, onın’ jeke basının’ qa’liplesiwi menen psixologiyalıq rawajlanıw o’zgesheliklerinde tolıq biletug’ın qa’niygeler etip tayarlaw kerek.

Keleshekte pedagoglar jas a’wladtın’ oy o’risinin’ rawajlanıp jetilisiwi ha’m rawajlanıw da’rejesin jaqsı biletug’ın bolıwı tiyis. Olardın’ basqalar menen qatnasında, miynet iskerlikinde qanday ekenin durıs ayıra biliwi, keleshegine ko’z jibere alıwı kerek. Bunday quramalı ma’selelerdin’ qırları menen sırların teren’ iyelew ushın ha’r bir bu’gingi ha’m erten’gi oqıtıwshılar ha’m ta’rbiyashılar balanın’ ha’r qıylı jas da’wirlerinde psixologiyalıq rawajlanıw o’zgesheliklerinin’ nızamlıqların biletug’ınday ilimiy mag’lıwmatlar ha’m ta’jiriybelerdi iyelewi tiyis

Psixologiyalıq diagnoz ja’rdeminde shaxstın’ individual psixologiyalıq o’zgesheliklerinin’ ha’zirgi jag’dayına baha beriledi, keleshektegi rawajlanıw da’rejesi aldın’-ala aytıp beriledi ha’m psixodiagnostiqalıq tekseriw wazıypalarınan kelip shıg’ıp xarakteristiqalar islep shıg’ıladı.

Pedagoglardın’ psixodiagnostikalıq bilimlerdi teren’ iyelewi ta’lim-ta’rbiya protsesinin’ tiykarg’ı wazıypaların na’tiyjeli a’melge asırıwg’a jaqınnan ja’rdem beredi.

Biraq, ta’rbiyashılar balalar psixologiyası boyınsha bilimlerin o’z iskerlikinde og’ada kem qollanadı, tiykarınan olar oqıwshılar sabaqtı o’zlestire almag’anda yamasa rawajlanıwının’ kemshiligi, buzılıwları h.t.b. unamsız ha’reketleri bolg’anında g’ana paydalanıwg’a ha’reket etedi. Balalardın’ usınday jag’dayları sıpatındag’ı psixikalıq rawajlanın’ının’ shetlesiwi, olardın’ shaxsiy aktsentuatsiyasının’ tu’rli ko’rinisleri sıpatında klassifikatsiyalanıwı mu’mkin. Olardı anıqlaw ushın ulıwma psixologiya, jas ayırmashılıq psixologiyası, balalar psixologiyası, klinikalıq patopsixologiya ha’m psixiatriya sıyaqlı tarawlardag’ı bilimler talap etiledi. Bulardan tısqarı ta’rbiyashıg’a balalar psixologiyasının’ akseleratsiya (tez rawajlanıwı) pedagogiqalıq qarawsızlıq sıyaqlı mashqalaların sheshiwge de tuwrı keledi.

Balalar baqshasında balalardı ha’r ta’repleme rawajlandırıwda oyın ha’m miynet iskerlikleri u’lken a’hmiyetke iye. Sebebi, pedagog ha’m psixologlar ko’p jıllar o’tkergen izertlew jumıslarının’ na’tiyjesinde, «mektepke shekemgi jastag’ı

balalar ushın oyın - miynet, oyın bala - ushın sabaq, oyın- balanı ta’rbiyalawdın’ a’piwayı bir foraması» - degen juwmaqqa kelgen. Demek, oyin arqali:

a) Balalar baqshasında balalar oyındı u’lken qızıg’ıwshılıq penen atqaradı.

b) Balalar baqshasında ta’rbiyashılar balalar menen oyınnın’ ha’r qıylı tu’rlerin qollanıp, ha’r ta’repleme o’z u’stinde izleniwge mu’mkinshilik beredi.

v) Ha’r bir oyın ha’m miynet tu’rleri balalrdın’ jasına ha’m psixologiyalıq jaqtan rawajlanıwına tiykarlanıp o’tkeriw za’ru’rligin ko’rsetedi.

g) Oyınnın’ ha’m miynet iskerliginin’ mazmunın jan’a usıllar ha’m metodlar menen baytıw ha’m sabaq protsessine kirgiziw za’ru’rligin ko’rsetedi.

Ta’lim-ta’rbiya protsessinde tiykarg’ı wazıypa balalardın’ qa’bilietin ha’m uqıplılıg’ın ha’r ta’repleme rawajlandırıwg’a, olarda shaxsiy qa’siyetlerdi qa’liplestiriwge qaratılg’an. Sonlıqtanda, pedagogiqalıq protsesstin’ na’tiyjeliligi bul pedagoglardın’ o’z ta’rbiyashıların jaqsı biliwin, o’z iskerlikinde ta’rbiyanın’ ha’r tu’rli metodların qollanıwına baylanıslı boladı.

Ta’rbiyashı ta’lim ha’m ta’rbiyadag’ı qıyınshılıqlar ne ushın, qalay payda bolıwın tu’siniw ushın, ol en’ aldı menen balanın’ psixiqalıq rawajlanıwının’ tiykarg’ı nızamların biliw ha’m tu’rli psixologiyalıq diagnostika metodların iyelewi tiyis. Sonday-ak, oqıtıwshının’ psixodiagnostiqalıq izertlew yamasa ba’rqulla baqlaw protsesinde alıng’an natiyjelerdi balalar menen islesiwge qanshelli durıs paydalana alıwıda za’ru’rli bolıp esaplanadı. Sonlıqtanda, ta’lim-ta’rbiya protsesinin’ natiyjeli bolıwında psixologiyalıq diagnostikanın’ a’hmiyeti og’ada u’lken.

***Izertlew jumisinin’ maqseti:*** Mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’ ha’r qıylı iskerlik tu’rlerin sho’lkemlestiriw ha’m ta’lim-ta’rbiya protsesslerin analiz etiw.

***Izertlew jumisinin’ obekti***: Mektepke shekemgi jastag’ı balalar iskerligi.

***Izertlew jumisinin’ predmeti***: Mektepke shekemgi jastag’ı balalardın’ iskerligin sho’lkemlestiriw protsessi.

***Izertlew jumisinin’ jan’alig’i ha’m a’meliy a’hmiyeti:*** Balanin’ rawajlaniw da’wirleri basqishlarinda olardin’ iskerlik tu’rleride rawajlanip o’zgerip baradi,

sonin’ ushin balanin’ ha’r ta’repleme rawajlaniwi ushin olardin’ iskerliklerin rawajlandiriw ushin sharyatlar jaratiw h’a’m jas da’wirlerine say keletug’ın iskerliklerin a’piwayıdan quramalıg’a qaray rawajlandırıp barıw usınıs etiledi.

***Izertlew jumisinin’ wazıypaları:***

A) Oyın arqalı balalardın’ til baylıg’ın, so’ylew tilin rawajlandırıwdın’ a’hmiyetin ashıp ko’rsetiwde pedagog ha’m psixologlardın’ pikirlerine analiz jasaw.

B) Oyın ha’m miynet mskerlikleri arqalı aynala a’tirap penen tanıstırıwdın’ jan’a usılların qollanıw.

V) Balalar baqshasının’ is ta’jiriybelerin u’yreniw.

***İzertlew metodları:*** Pedagogikalıq analiz, soraw-juwap, gurrin’lesiw, pedagogikalıq eksperiment.

***Jumistin’ duzilisi***. Kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, paydalanılg’an a’debiyatlar diziminen ibarat.

## I.Bap. Balanı ha’r ta’repleme rawajlandırıwda iskerlik tu`rlerinin` a`hmiyeti

### I.1 Baqsha jası da’wirinde balalardın’ iskerliklerinin’ psixologiyalıq o’zgeshelikleri

Bul da’wir aqılıy rawajlanıwdın’ tiykarın qabıl etiw ha’m oylaw ha’reketlerinin’ jan’asha ko’rnislerin qa’liplestiredi. 3 jaslı bala predmetlerdi izbe iz sistemalı tu’rde ko’rip shıg’a almaydı. Ol tiykarınan predmettin’ qanday da bir ko’zge ko’rinip turatug’ın belgisine itibarın qaratadı ha’m predmetlerdi usı belgilerine qaray tanıydı. Keyin ala jan’a qabıl etiw ha’reketlerinin’ atqarıwında ko’zi menen shamalap, ha’reket etiwge urınadı. Endi ol predmettin’ bo’leklerin uslap ko’rmey, al shama menen qabıl ete aladı.

2,5-3 jaslı bala u’lkenlerdin’ ko’rsetken u’lgisi, ren’i, forması ha’m u’lkenligin, al onnan keyin ren’ine qaray ajrata aladı. Bul da’wirde bala ha’r qıylı qa’siyetke iye bolg’an ju’da’ ko’p predmetler barlıg’ın tu’sine baslaydı. Biraq bala su’wret sızıwdı baslag’an da’wirinde predmetlerdin’ ren’in itibarg’a almaydı ha’m o’zi jaqsı ko’retug’ın ren’lerden paydalanadı. İzertlewlerdin’ ko’rsetiwinshe 2,5-3 jaslı bala 5-6 formanı ha’m 8 tu’rli ren’di (sarı,qabaq sarı, qızıl, jasıl, ko’k, siya ren’, aq, qara) an’lawı mu’mkin. Ren’ ha’m formalardın’ maxsetke muwapıq isletilgeni menen, bul predmetlerdin’ tu’rlishe ko’riniwi sebepli, bul jastag’ı balalar olardı qabıl etkeni menen olardın’ atların anıq biliw ha’m so’yleskende ayta alıwı qıyınıraq. boladı. U’lkenlerdin’ bul jastag’ı balalardan a’ne usı ren’ ha’m formalardı eslep qalıwın talap etiwleri tuwrı emes, bunın’ ushın jaqsı da’wir 3-4 jaslar esaplanadı.

Bala 3 jasına shekem u’yrengen so’zler tiykarınan predmet ha’m ha’reketlerin’ atların biledi. Atlar tiykarınan onın’ waziypasın an’latadı, bunda predmet yamasa ha’reketin’ sırtqı ko’rnisi o’zgersede onın’ atı o’zgermeydi.

Erte balalıq da’wirinin’ baslarında, balada birinshi oylaw operatsiyaları ju’zege keledi. Bunı bala qanday da bir predmetti alıwg’a ha’reket ete alg’anınan son’, onı jaqsılap u’yreniwinde ko’riwimiz mu’mkin. Olardın’ oylaw tiykarınan ko’rgizbeli ha’reketli bolıp, o’z do’gerek a’traptag’ı tu’rli baylanıslardı u’yreniwge xızmet etedi, o’zinen uzag’ıraq na’rse menen iyterip jiberiwi mu’mkinligin ko’rgen bala, endi o’z betinshe divannın’ tiyine kirip ketken toptı tayaq penen alıw mu’mkinligin oylay aladı. Bul da’wirdegi balalar oylawında ulıwmalastırıw ahmiyetli orın tutadı. Ulıwmalastırıwda so’ylewdin’ a’hmiyeti ullı. Mısalı, «saat» degende bala qol saattı ha’mde diywaldag’ı aspa saattı tu’siniwi mu’mkin. Biraq, olar tu’rli ko’riniste bolg’anlıg’ı sebepli, olardag’ı ulıwmalıqtı tabıw bala ushın qıyınshılıq tuwdıradı. Bul barısta pikirlew ja’rdemge keledi ha’m ulıwmalastırıwdı ju’zege keltiredi. 2- 3 jaslı balalar belgili bir predmetlerdin’ ornına olardın’ ornın basıw mu’mkin dep esaplag’an na’rselerden de paydalanadı. Mısalı, oyın protsessinde bala sho’pti qasıq yamasa termometr ornında, ag’ashdan jasalg’an krovat yamasa mashina ornında paydalanıwı mu’mkin. Bir predmetti basqa predmetlerdin’ ornında qollanıw mu’mkinligin an’law, bala ushın a’tirap-do’gerekti biliw, u’yreniwdegi a’hmiyetli burılıs esaplanadı ha’m ol da’slepki ko’z qarasların ju’zege keltiredi. Bul jastag’ı balalar endi, kem-kemnen u’lkenler aytıp bergen ertek, ha’diyse yamasa shıg’armalardı sonday-aq su’wrettegi na’rselerdi ko’z aldına keltire aladı. Erteklerdi esitiw protsesinde bala ertek qaharamanların birewge uqsatıwg’a ha’reket etedi, al geypara waqıtları o’z betinshe ertek shıg’arma toqıwıda mu’mkin.

Baqsha jasındag’ı balalardın’ oylawı ha’m onın’ rawajlanıwı o’zine ta’n qa’siyetke iye. Oylaw balanın’ baqsha jasındag’ı da’wirinde pa’t penen rawajlanadı. Bunın’ sebebi, birinshiden, baqsha jasındag’ı balalarda turmıs ta’jriybesinin’ bir qansha ko’beyiwi, ekinshiden, bul da’wirde balalar so’ylew

uqıbının’ jaqsı rawajlang’an bolıwı, u’shinshiden, baqsha jasındag’ı balalardın’ erkin o’z betinshe ha’reket etiw mu’mkinligine iye bolıwları esaplanadı.

Baqsha jasındag’ı balalarda ha’r tarawg’a tiyisli sorawlardın’ tuwılıwı olardın’ oylaw protsesinin’ tezlesiwinen da’rek beredi. Bala o’z sorawına juwap taba almasa yamasa u’lkenler onın’ sorawına a’hmiyet bermese, ondag’ı qızıg’ıwshılıq joq bola baslaydı. Adette ha’r qanday oylaw protsesi qandayda bir na’rseden tan’lanıw, hayran bolıw ha’m na’tiyjede tu’rli sorawlardın’ tuwılıwına sebep payda boladı. Ko’binese, ata-analar ha’m ayrım ta’rbiyashılar, egerde balalar ko’birek soraw bere berse «ko’p so’yleyberme», «sen bunday ga’plerdi qay jerden u’yrendin’ ?» dep urısıp beredi. Na’tiyjede bala endigiden bılay ha’diyselerdi o’z bilgeninshe tu’siniwge ha’reket etedi. Ayırım tartınshaq balalar bolsa hesh bir soraw bermeydi. Bunday balalarg’a tu’rli shınıg’ıwlar ha’m seyillerde u’lkenlerdin’ o’zleri sorawlar beriwleri ha’m usı menen olardı aktivlestiriwleri mu’mkin.

Ha’r qanday oylaw protsesi a’dette, qandayda bir na’rseni salıstırıw analiz ha’m sintez qılıwdan baslanadı. Sonın’ ushın biz a’ne usı salıstırıwdı analiz ha’m sintez etiwdi oylaw protsessi dep ataymız. Seyiller balalardag’ı oylaw protsessin aktivlestiriw ha’m rawajlandırıwg’a ja’rdem beredi. Balalar ta’biyatqa bolg’an seyillerde tu’rli na’rselerdi bir biri menen salıstıradı, analiz ha’m sintiz etip ko’riwge umtıladı.

Demek, baqsha jası da’wirinde balanın’ so’lew uqıbı san ha’m sapa jag’ınan bir qansha jetilisedi. Baqsha jasındag’ı balalar so’ylew uqıbının’ o’siwi shan’araqtın’ ma’deniy da’rejesine de ko’p ta’repten baylanıslı boladı. U’lkenler balalar so’lew uqbın o’stiriw menen shug’ıllang’anda, baqsha jasındag’ı balalar geypara jag’daylarda o’zi so’ylew sıpatların tolıq an’lay almaslıg’ın umıtpaslıq kerek. Bunnan tısqarı, balalarda quramalı so’lew dawısların bir biri menen parıq etiw uqıbı da ele tolıq jetilispegen boladı. Tili tutılıg’ıwdı du’zetiwdin’ en’ za’ru’r sha’rtlerinen biri, bala menen tolıq ha’m so’zlerdi tuwrı aytıp anıq til menen so’ylesiw.

Balada bir jasqa tolg'annan keyin este saqlawdın' eslew protsessii payda bola baslaydı. Bala bul da'wirden baslap burın ko'rgen zatların yamasa waqıyalardı esley alatug'ın boladı. Bunda baladag'ı ko'z-aldına keltiriw u'lken rol oynaydı. Balada yasli jasındag'ı da'wirinen baslap-aq este saqlawdın' barlıq protsessleri ko'rine baslaydı. Balalarda ma'nisine qarap este saqlaw erte rawajlana baslaydı.

Este saqlaw – bul adam ta'repinen o'z ta'jiriybesin este tutıw, saqlaw ha'm onı sonınan qayta islep shıg'ıw bolıp esaplanadı.

Mektepke shekemgi jastag'ı balalarda bul protsess qalay rawajlanadı? Olarda este saqlawdın' eriksiz tu'ri basım boladı, bul jag'dayda sanalı tu'rde qoyılg'an maqset bolmaydı. «Balanın' este saqlawı – onın' qızıg'ıwshılıg'ı» deydi psixologlar. Bala haqıyqatında da o'zinde tikkeley qızıg'ıwshılıqtı tuwdırg'an, o'zinin' ha'reketi menen onı o'zine tartqan na'rselerdi jen'il ha'm uzaq esinde saqlaydı, o'zi belsendi ha'reket etkenlerin esinde jaqsı saqlaydı. Bunda so'z en' a'hmiyetli orındı iyeleydi. Eger bala o'zinin' unatqan na'rselerdin' atları atalsa, onda ol olardı jaqsı este saqlaydı.

Eriksiz este saqlawdı izertlegen psixolog P.İ. Zinchenko, eger balalarg'a usınılg'an tapsırma tek passiv o'zlestiriwdi talap etpey, al material aktiv esapqa alınıp, oylaw operatsiyaların orınlawg'a bag'darlang'an jag'dayda eriksiz este saqlawdın' o'nimligi ko'beyetug'ının anıqlaydı (ma'selen, so'zlerdi oylap tabıw, konkret baylanıslar du'ziw).

Biraq baqsha jasındag'ı balanın' este saqlawının' du'zilisi eriksiz este saqlaw menen tamamlanbaydı. O'mirinin' usı basqıshında psixikada a'hmiyetli jan'adan jasalıw payda boladı.

Z.M. İsteminanın' izertlewlerinde 3-6 jastag'ı balalardın' yadta saqlawının' rawajlanıwının' u'sh da'rejesi anıqlang'an:

Birinshi da'reje ushın este saqlaw yamasa yadta tutıw maqsetlerin bo'leklerge bo'liwdin' bolmawı.

Ekinshi da'reje – bul maqsetlerdin' bolıwı, biraq onı iske asırıwg'a bag'darlang'an qandayda bir usıllardı qollanbaw.

U’shinshi da’reje – este saqlaw yamasa yadta tutıw maqsetlerinin’ bolıwı ha’m onı iske asırıw ushın mnemonikalıq usıllardı qollanıw xarakterli boladı.

Baqsha jasındag’ı balalar este saqlawdı rawajlandırıwdın’ ekinshi ha’m u’shinshi da’rejesine erisedi, onın’ u’stine, ol este saqlawdın’ rawajlanıwının’ u’shinshi da’rejesindegi gruppag’a kiretug’ın balalardın’ u’lken bo’legin quraydı.

Solay etip, baqsha jasındag’ı balalar mnemikalıq maqsetti jetkilikli mug’darda jaqsı ajırata aladı. Bul bala o’zinin’ aktiv este saqlawdın’ ha’m yadta tutıwdı talap etiw jag’daylarına gezlesken waqıtta payda boladı. Biraq, tek usı bir jag’day ele jetkiliksiz boladı.

Baqsha jasındag’ı balalardın’ qıyalı tiykarınan, olardın’ ha’r qıylı oyın xızmetinde o’sedi. Biraq usı na’rse itibarlı bolıw kerek, eger baqsha jasındag’ı balalarda qıyal etiw uqıplılıg’ı bolmag’anda, olardın’ qıyalıda ha’r qıylı bolmas edi. Baqsha jasındag’ı balalardın’ qıyalları tu’rli shınıg’ıwlarda o’sedi. Mısalı, baqsha jasındag’ı balalar ılaydan tu’rli zatlar jasawdı, qumnan tu’rli na’rseler sog’ıp oynawdı ha’m su’wret salıwdı jaqsı ko’redi. A’ne sonday shınıg’ıwlar balalar qıyalının’ o’siwine ku’shli ta’sir jasaydı. Baqsha jasındag’ı balalar qıyalının’ o’siwinde ku’shli ta’sir jasaytug’ın faktorlardan jeke biri ertekler esaplanadı. Balalar haywanlar haqqındag’ı tu’rli erteklerdi esitkende usı erteklerdegi obrazlag’a belgili mu’na’sebetler ju’zege keledi.

Demek, baqsha jasındag’ı balalardın’ iskerlik protsessinde bala dogerek atiraptag’ı dunyanı bilip aladı. Bala ja’ma’a’ttin’ arasında da ja’ma’a’t ushın miynet etken waqıtta ol a’ste-aqırın o’z miynetinin’ ja’miyetlik a’hmiyetin an’laydı ha’m qa’dirley baslaydı, al keyin bolsa iskerliktin’ motivleri onın’ ushın barg’an sayın ko’birek a’hmiyetke iye bola beredi.

Mektepke shekemgi jastag’ı balalardın iskerlik tu’rlerin psixologiyalıq analiz jasawdı juwmaqlay otırıp, balalar iskerliginin’ barlıq tu’rleri anaw yamasa mınaw da’rejede so’ylew menen ekenligin atap ko’rsetiw lazım.

## II.2 Balalardın' g'a'rezsiz ha'reketleniwine sharayatlar jaratıw

Bul jastag'ı balalardın' erkin is-ha'rektleri qıs aylarında topar xanalarında, al jaz aylarında baqshanın' maydanshalarında sho'lkemlestiriledi.

Balanın' erkin ha'rektleniwinin' tiykarg'ı maqseti – balanın' g'a'rezsiz tu'rde belgili bir ha'rketlerdi islewge bag'darlap barıw.

Sizin' wazıypan'ız balalardın' ha'mmesin qandayda bir jumıs penen ba'nt bolıwların baqlap barıw, ishindegi balalardın' birewine oyındı dawam ettiriw ushın og'an oyınshıq usınıw, qurıwdı baslag'an balag'a bolsa, qurılısın aqırına deyin jetkeriwge ja'rdem beriw lazım.

Balanın' g'a'rezsiz is-ha'rektlerinin' tu'rleri to'mendegiler :

- oyınlar ha'reketli, waqıyalı, ta'limiy, jasaw ha'm qurıq, ta'biyiy materiallar menen kewilashar oyınlar.

- do'gerek-a'tiraptı baqlaw, illyustratsiya ha'm su'wretlerdi ko'riw, ta'rbiyashı ja'rdeminde su'wret ha'm ılay jumısları tu'rleri, do'gerek-a'tiraptag'ılar menen qarım-qatnas.

- erkin ha'reket qılıw, ju'riw, tırmasıp shıg'ıw, ılaqtırıw, belgilengen joldan ju'rip o'tiw, joqarıg'a shıg'ıw, za'n'gige minip-tu'siw shınıg'ıwların o'tkeriw, onsha u'lken bolmag'an tosıqlardan o'tiwge u'yretiw, toplar menen oynaw ushın jag'daylar jaratıw;

- ha'reketli oyınlarda qatnasıw istegin oyatıw, ha'reketlerin baqlaw, balalardın' sharshap qalıwına jol qoymaslıq, ha'reketli oyınlardı tınısh oyın tu'rleri menen almastırıp barıw;

- u’lken ha’m kishi qurılıs materialları ha’m ta’limiy oyınshıqlar menen Erkin oynawları ushın sharayat jaratıw, ta’rbiyashı ja’rdeminde jay diywalların qurıw, su’wretler ko’riw

- tanıs shıg’armalar oqıp beriw, kitaptı abaylap asırıw kerek ko’nlikpelerin qa’liplestiriw.

Balalardın’ g’a’rezsiz ha’reketlerinde oyınshıqlar menen waqılı oyınlar oynaw u’lken a’hmiyetke iye. Olarg’a turmıs waqıyaların oyınlarda oynaw u’yretilip barıladı.

1- toparsha balaları eliklew arqalı oyınnın’ jen’il ha’reketlerin orınlawda erkin tan’lap alıwg’a u’yretilip barıladı.

3- toparsha balalrı u’lkenler ha’reketlerin qamtıytug’ın oyınlardı oynawg’a u’yretilip barıladı.

Jazdın’ ku’nleri ta’biyiy materiallardan paydalanıp, ha’r tu’rli oyınlardan paydalanıp, ha’r tu’rli oyınlar oynap oynaw sho’lkemlestiriledi. Qum menen oynalg’anda qurıw meteriallarınan, suw menen oynag’anda arnawlı oyınshıqlar menen oynaw maqsetke muwapıq boladı

Balalardag’ı bilim mazmunın erkin tu’rde, u’lkenlerdin’ yaki ta’rbiyashılardın’ basshılıg’ındag’ı ku’ndelikli turmısta ha’r qıylı shınıg’ıwlar arqalı jetilistirip barıwg’a boladı. Ko’pshilik waqıtta ayırım balalarımız o’zindegi bir qansha bilim qorına iye bola tura, o’zleri 6 yaki 7 jasta bolsa da ku’ndelikli turmısta qaytalanıp turatug’ın ulıwmalıq tu’siniklerdi an’lap jetpeydi, en’ a’piwayı ha’diyseler arasındag’ı baylanıslar menen o’zgerislerdi ayırıp anıqlaw mu’mkinshiligine iye bola almaydı. Bul ushın ha’r bir jastag’ı balalarg’a belgilengen bilimler ko’leminde mektepke shekemgi ta’rbiyalaw mekemelerinin’ ma’mleketlik bilimlendiriw standartı talaplarına muwapıq islep shıg’ıw maqsetke muwapıq boladı.

Sebebi, baqsha balalarının’ minezinin’ topardan toparg’a o’tken sayın o’zgere barıwı menen, sana-sezminin’ o’siwin anıqlaw, olardı a’tiraptı qorshag’an ortalıq penen tanıstırıw bag’darlamasın islep shıg’ıw pedagogikalıq izertlewlerdin’ tiykarg’ı wazıypası.

Baqsha balalarındag'ı bilim mazmunın anıqlawg'a birinshilerden bolıp tiykar salg'an belgili ilimpaz Ya.A.Komenskiydin' «Analar kitabı» dep atalg'an miynetinde 6 jasqa shekegi arnalg'an balalarg'a qanday bilimler beriw kerekligi haqqında og'ada durıs bag'dar berilgen. Balalar baqshalarına arnalg'an barlıq bag'darlamalarda qorshag'an ortalıq penen tanıstırıwg'a, sonday-aq ja'miyetli waqıyalar ha'm ha'diyseler menen tanıstırıp barıwg'a u'lken itibar beriledi. A'meldegi «U'shinshi mın'jıllıqtın' balası» tayanısh da'stu'rinde balalardı jas da'wirlerine bo'lip, jas o'zgesheliklerine qaraa' ta'lim-ta'rbiya beriwdi, olarda bilimnin' da'slepki tu'siniklerin qa'liplestiriwdi, balalardı ta'biyat penen, ha'r tu'rli ka'sip iyelerinin' miyneti menen, o'zine tu'sinikli bolg'an halda ja'miyetlik turmıs a'hmiyetleri menen, predmetler, olardın' sıpatı ha'm o'zine ta'n o'zgeshelikleri menen tanısıw na'zerde tutılg'an. Oqıtıw bag'darlaması ushın do'gerek a'tirap haqqındag'ı mag'lumatlar olardın' ta'rbiyalanıwshılıq xarakterinin' ilimiy tiykarlang'anlag'ın, haqıyqıy mektepke shekemgi ta'rbiya jasındag'ı balalarg'a tu'sinikliligin esapqa alg'an halda tan'lap alındı. Demek, balalar o'zlestirip alınatug'ın bilimler mazmunının' o'zi ta'rbiyalawshılıq xarakterge iye bolıwı kerek.

Ma'mleketlik bilimlendiriw standartı talaplarına tiykarlanıp islengen baqsha bag'darlaması mektepke shekemgi jastag'ı balalarg'a ta'rbiya haqqındag'ı bilimlerdi u'yreniwdin' ko'pshilik bo'legin quraydı. Sebebi bul jastag'ı balalarda ta'biyatqa bolg'an su'yispenshilik sezimleri payda boladı. O'simlikler menen haywanlarg'a g'amxorlıq penen qatnas jasaw ko'nlikpelerin o'z sanasında qa'liplestiredi. U'lkenler miyneti tuwralı tu'siniklerge iye boladı. Ma'selen, o'zleri ta'rbiyalanıp atırg'an baqsha imaratı tuwralı tu'siniklerge iye bolıwı, qurılısshılar miynetine bolg'an hu'rmetti tu'siniw, onın' ja'miyetine bolg'an ıqtıyarlılıqtı tu'sinip barıw baqsha bag'darlamsındag'ı bilim mazmunının' tiykarın quraydı. Usıllardın' na'tiyjesinde baqsha balalarında ta'rbiya qubılısları tuwralı en' a'piwayı, lekin ilimiy ta'repten da'lillengen bilim mazmunı menen ko'lemi payda boladı. Bular ta'biyat qubılıslarının' bir birine baylanıslılıg'ın ha'm du'nyalıq

ko’lemde insannın’ ta’biyat ha’m ja’miyettegi ornın tu’sinip alıwg’a ja’rdem beredi.

Demek, baqsha bag’darlamasında ko’zde tutılg’an bilimler mektepke shekemgi ta’rbiya jasındag’ı balalar ushın tu’sinikli. Sebebi, olardın’ bilimi topardan toparg’a o’tken sayın bekkemlenip, bilim mazmunı ulıwmalasqan boladı.

Balanı ja’miyetlik ta’rbiya sistemasına alıp kiriw basqıshpa- basqısh a’melge asırıladı. Tayarlıq basqıshında pediatriya xızmeti, ata-analar ha’m baqsha xızmetkerlerinin’ ku’sh g’ayratı  bala organiziminin’ jan’a sharayatqa tayarlawg’a, onın’ biologiyalıq  maslasıwın jen’illetiwge qaratılg’an boladı. Bug’an to’mendegishe eriswge boladı:

A) bala ku’nlik rejimin baqshanın’ rejimine jaqınlastırıwı menen;

B)  onı rejim protsesslerine qaldırmay qatnastırıw menen;

V) shınıqtırıwshı usıllardan ken’ tu’rde kompleksli paydalanıw menen;

G) balanın’ organiziminin’  jumıs qa’bilietin o’siriw ushın za’ru’r boladı.

Ata-analardın’ pedagogikalıq sawatxanlıg’ı ha’m olardın’ ta’rbiyashı menen baylanıs ornatıwı  usı talaplardı a’melge asırıwdın’ sha’rti bolıp esaplanadı. Ata-analar jeke sa’wbetlesiwler, esletiwler arqalı balanın’ turmısının’ tayarlaw da’wirinde kerekli bolg’an ma’sla’ha’tlerdi aladı. Olar balanı awqatlandırıw, uyqılatıw metodikası menen tanısadı, o’z-o’zine xızmet qılıwdı qa’lipelstiriwge, oyın ha’reketlerin jolg’a qoyıw haqqında ken’esler aladı. O’z na’wbetinde ta’rbiyashılar balalardın’ u’ylerine baradı, olardın’  jasaw jag’dayları menen tanısadı, kishkenelerdin’ qılıqları, jaqsı ko’retug’ın oyınları ha’m oyınshıqları menen tanısadı.

Balanı baqshanın’ jan’a sharayatlar talaplarına u’yretiw izbe-izlik penen a’melge asırıladı. Bir ha’pte dawamında bala baqshada 2-3 saattan ko’p waqıt bolmaydı. Bul waqıt onın’ ruwxıy jag’dayına qaray ko’beytirilip barıladı.

Balanı azang’ı waqıt qabıllag’anda balanın’ jag’dayın, den-sawlıg’ın bir qaytara tekserip qabıl etiledi.

Maslasıw da’wirinde bala baqshag’a tezirek u’yrenisiwi ushın onın’ jeke na’rseleri, yag’nıy oyınshıqların alıp kelip oynawg’a ruxsat etiledi. Ja’miyetlik

maslasıw ko'pshilik balalarda qıyınıraq keship ha'm uzaq waqıt dawam etiwinin' sebebi, balanın' qasında onın' jaqın adamlarının' bolmawı. Sonlıqtanda balanın' baqshadag'ı da'slepki ku'nlerinde anasının' qasında bolıwına ruxsat etiledi. Balanın' waqtı-waqtı menen qolda bolıwı, og'an itibardın' ko'birek bolıwı basqa qatarları menen baylanıs ornatıwg'a tiykar bola aladı. Balanı balalar ja'ma'a'tine alıp kiriw ta'rbishıdan ko'birek itibar ha'm minayımlılıqtı talap etedi.

Oyın-shınıg'ıwları, ta'rbiyashılar menen birgelikte oyınlar, keyinirek basqa balalar menen ha'reketke kirisiwi, balanın' qatnas ishteyin ken'eytiriwge, onın' erkin rawajlanıwına imkan beredi.

Ha'reketli oyınlar, fizikalıq ta'rbiya ha'm muzıkalıq shınıg'ıwlarda birgelikte ha'reketleniwler quwanısh bag'ıshlaydı, qarım-qatnasqa ixtiyajdı ku'sheytedi.

Solay etip, ja'miyetlik baylanıslardın' ken'eyiwi, pedagogikalıq ta'sirdin' tuwrı sho'lkemlestiriliwi, maslasıw da'wirinin' an'sat keshiwin, balanın' basqa o'z qatarları menen birge turmıs keshiriwine ko'niktiriwge imkan beredi.

## I.3 Balanı ha’r ta’repleme rawajlandırıwda miynet iskerligine ta’rbiyalawdın’ a’hmiyeti

Ha`r bir bala mektepke shekemgi ta`rbiya jasinan baslap miynette qatnasiwi zarur. Balalar baqshasinda, shan`araqta orinlanatug`in onsha quramali bolmag`an ha`r bir  tapsirma onin` ku’ndelikli waziypasina aylaniwi kerek.

Miynet ja`miyetlik rawajliniwdin` deregi, barliq materialliq ha`m ruwhiy talaplardi qandiriwdin` tiykarg`i sharayatlari, sonin` menen birge insan o`mir iskerliginin` tiykarg`i formasi, insan o`mirinin` mazmuni ha`m ha`r bir ja`miyet ag`zasinin` waziypasi, shaxs rawajlaniwinin` tiykari. Miynet a`yemnen ja`miyettin` a`dep-ikramliliq printsipi esaplanip kelingen.

Bala miynettin` a`hmiyeti ha`m negizin tusinip jetiwi ushin pedagog u’lkenlerdin` miyneti, balalardin` o`zleri orinlaytug`in miynet turlerin baqlaw ju’zesinen ekskursiyalar sho`lkemlestiride. Miynettin` balalardi aqliy  ta`repten rawajlandiriwdag`i a`hmiyeti sonda, miynet protsessinde olar barliqti aktiv anglay baslaydi. Baqsha jasinan baslap balalarga miynet ta`rbiyasin beriw olardi estetikaliq ha`m fizikaliq ta`repten rawajlandiradi.

*Balalar miynetinin` o`zine say ta`repleri ha`m ta`rbiyaliq  a`hmiyeti.* Jas a`wladqa miynet ta`rbiyasin beriw ma`selesi ha`zirgi da`wirde en` aktual tema esaplanadi. Miynet ha`r bir insan kamalatina ha`m uliwma ja`miyet rawajlaniwinda zarur  a`hmiyet  kasp etedi. Baqsha jasindag`i balalardi fizikaliq, aqliy, a`dep-

ikramliliq ha`m estetikaliq ta`repten ta`rbiyalawda miynet ta`rbiyasi zarur a`hmiyetke iye. Miynet ha`r bir jas topardag`i balalardin` o`zine say o`zgesheliklerin itibarga alip sho`lkemlestiriledi, og`an tuwri basshiliq etkende g`ana jeterli na`tiyjege erisiw mumkin.

Balalar miynetinin` za'rur belgisi onin` belgili maqsetge qaratilg`anlig`i. Kishi baqsha jasindag`i balalardin` miyneti bir protsesske say ha`reket bolip, ol tek g`ana u'lkenlerdin` basshilig`i na`tiyjesinde g`ana a`melge asiriliwi mumkin.

Iskerlikti rejelestiriw miynet ta`rbiyasinin` zarur bo`limi esaplanadi. Balalardi baqlaw olar iskerliginin` ta`rtibsiz, rejesiz ekenligin ko`rsetedi. Balalar bunday ha`reketler arqali bir na`tiyjege erisiw ushin juda` ko`p waqit ha`m kush sarplaydi, sonin` menen bir waqitta o`z islerinen o`zleri qaniqpaydi.

Ta`rbiyashi balalardi o`z iskerliklerin shamalap rejelestirip aliwlarina uyretiw ha`m olar iskerliklerine basshiliq etiw lazim. Sonday etip, barliq baqsha jasi da`wirinde miynet ha`m oyin o`z-ara baylanisli halda keshedi, biraq ha`r qanday halda ha`m balalar miynetin oyinga aylandiriw, olardin` parqin joqqa shig`ariw natuwri bolar edi. Ta`rbiyashilar ha`m ata-analar ta`sirinde a`ste-aqirin balalar miyneti o`z waziypasi, mazmuni, metodi ha`m sho`lkemlestiriliwi menen o`z betinshe iskerlik sipatinda ajiritip bariladi.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasi da`wirinde balalardin` jasi ulkeyiwi menen miynet sebepleri ha`m o`zgerip baradi. Ya.Z.Neverovich, L.E.Obraztsovlardin` alip barg`an ilimiy izleniwleri na`tiyjesi sonni ko`rsetedi, balalardi u'lkenler miyneti menen t`anistiriw arqali olar u'lkenlerden miynettin` ja`miyetlik sebebin erte o`zlestirip alar eken.

Biraq olar bir isti o`z betinshe orinlag`andag`ana o`z miynetleri basqalar ushin paydali ekenligin sanali ra`wishte bilip aladi. Ma`selen, analar ha`m kempir opalar ushin 8 martqa sawg`a tayarlaw, kishi topar balalari maydanshasin jiynastiriwg`a ja`rdemlesiw, jirtilg`an kitaplardi jamap beriw, kontsert ha`m teatr qoyip beriw ha`m basqalar balalarda miynettin` belgili na`tiyjesine umtiliw oyatadi, iskerliktin` ja`miyetlik sebeplerin an`latip, miynetke ha`wesin, isti orinlawda balalardin` o`z aldilarina qoyatug`in talaplardi asiradi.

V.I.Loginovanin` alip barg`an ilimiy-izertlew islerinde aytiwinsha balalarg`a miynet ta`rbiyasin beriw ushin olar miynet ha`m miynet uqipliliqlari haqqindag`i bilimler sistemasin o`zlestirip aliwlari kerek eken.

1. Miynet maqset qoyiw ha`m onin` na`tiyjesin belgilep aliwdan baslanadi maqset-miynet suwreti.

2. Miynet etiwden ko`zlengen maqset boyinsha kerekli materiallardi tan`lap aliw.

3. Materialdi islew ushin  kerekli a`sbaplardi tan`lap aliw.

4. Na`tiyjege erisiw ushin miynet ha`reketlerin orinlaw.

Bul sistemani to`mendegi sxemada keltiriw mumkin, maqset, miynetti tan`law, materialdi tan`law, miynet iskerligi-miynet qurallari, miynet na`tiyjesi.

Sonday etip, mektepke shekemgi ta`rbiya jasi da`wirinde miynet iskerligi qa`liplestiriledi. Pedagog basshilig`inda miynettin` ja`miyetlik sebeplerin ha`mme zarur ta`repleri qa`liplesedi. U’lkenler miyneti ha`m onin` ja`miyetlik a`hmiyeti haqqindag`i bilimler o`zlestirilip alinadi.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasi da`wirinin` o`zine say ta`replerinen ja`ne biri balalar miynetinin` oyin menen baylanislilig`i.

Oyin protsessindegi qanday da ha`reket ha`r dayim bir miynet protsessin sa`wlelendiriwge  bag`darlang`an boladi. Ekinshi ta`repten, miynet protsessin orinlawda oni oyin formasina aylandiradi, ma`selen, japraqlardi za`mberlerde tasiydi, mashinalarda juredi.

Sonin` menen birge o`zinin` o`zgesheligi, mazmuni, juzege keliw sebebine ko`re miynet ha`m oyin bir-birinen pariq qiladi. Miynette maqset qoyiladi, oni a`melge asiriw, na`tiyjege erisiw ushin shart-sharayat jaratiladi, qurallar izlep tabiladi. Oyinda bolsa balalar u’lkenlerdin` miynet iskerligine elikleydi. Oyinda miynet siyaqli bir aniq na`tiyjege erisilmeydi, biraq ol miynet siyaqli balalarg`a quwanish bag`ishlaydi, olar o`zlerinde qanaatlaniw sezimin sezedi. Oyinda bala o`z oylag`anin rawajlandiriwi jetekshi roldi oynaydi, miynette na`tiyjege erisiw ushin miynet ha`reketlerin orinlaydi. Oyinda balanin` oylag`an na`rsesi jetekshi roldi oynaydi, miynette bolsa na`tiyjege erisiw jolindag`i miynet ha`reketleri, oyin

o`zinin` rawajlaniwindag`i ha`r qanday basqishta toxtaliwi mumkin, miynette bolsa a`lbette ko`zlengen na`tiyjege erisiledi.

Balalardin` miynet iskerligi qashan ha`m qanday etip oyinnan ajiratiladi . Kishi baqsha jasindag`i balalar miynetinin` tiykarg`i turi o`z-o`zine xizmet. Bul kishi balalar ushin mashaqatli is. Sonin` ushin bul jastag`i balalardi miynetin` bul tu'rine uyretiwde ko`binshe oyin waziyatlarinan paydalaniladi. («Quwirshaqti seyilge atlandiramiz», «Quwirshaqti uyqilatamiz» ha`m usilarga uxsas). Da`slep balalar oyin obrazi arqali miynetke uyretiledi. Usi avrqali balalar isenim menen ha`reket qiliwdi uyrenedi. A`ste-aqirin o`z-o`zine xizmet etiw uqip, ko`nlikpeleri qa`liplesip baradi.

*U'lkenler miyneti menen tanistiriw.* Mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalardi u'lkenler miyneti menen tanistiriw arqali olarg`a u'lkenlerdin` miyneti ja`miyetlik paydali miynet bolip, zatlar ha`m buyimlardi jaratiwg`a qaratilg`anlig`i, olar ha`r bir insan ha`m putin xaliq ushin zarur ekenligi haqqinda tusinik berip bariladi. Ma`selen, o`simliklerdi, haywanlardi qorg`aw arqali olardin alinatug`in mahsulot kimler ushin ha`m ne maqsette isletiliwi haqqinda bilim ha`m tusinikler berip bariladi.

U'lkenlerdin` miyneti menen tanistiriw ja`ne to`mendegi maqsetti ko`zlep ha`m a`melge asiriladi u'lkenler miyneti haqqinda aniq bilim ha`m ko`z aldin`izga elesletiw beriw, miynetti ha`m miynet na`tiyjelerin qa`dirlewge uyretiw,miynetge qizig`iw ha`m muhabbat oyatiw,miynet etiw umtiliwshilig`in ta`rbiyalaw ha`m isti sipatli orinlawg`a uyretiw.

U'lkenler miyneti menen tanistiriwdin` tiykarg`i mazmuni to`mendegilerden ibarat.

-ha`r bir insan miynetinin` ja`miyetlik negizi,

-miynetkeshler ortasindag`i unamli o`z-ara ja`rdem beriw qatnasi,

-ha`r qanday ka`sip ha`m zarur ekenligin tusindiriw.

Miynet iskerliginin` tiykarg`i bo`limleri menen tanistiriw.

-miynettin` maqseti, onin` ja`miyetlik a`hmiyeti,

-materiallardi tan`law (miynet materiallari),

-u’skenelew (miynet iskerligi ushin orinlanatug`in miynet ha`reketleri).

-na`tiyje-miynet o`nimi.

Balalar baqshasi da`sturine muwapiq ha`r bir jas topardag`i balalar u’lkenler miyneti haqqinda to`mendegi bilimdi iyelep aliwi lazim.

Kishi topar:

1. Ayirim ka`sip yielerinin` miynet potsessi.

2. Miynet protsessindegi miynet ha`reketleri.

3. Miynet protsessin a`melge asiriw ushin kerekli material.

4. Belgili bir miynet protsessin orinlaw ushin uskeneler.

5. Miynet na`tiyjesi.

6. Insan miynetinin` ja`miyetlik a`hmiyeti.

Orta toparda miynet haqqinda qosimsha bilimler beriledi.

1. Ha`reket sipati haqqinda

2. Insannin` mynetin jen`illestiriwshi kurilmalar.

3. Insanlardin` miynetke muhabbati.

U’lken ha`m mektepke tayarlaw toparinda jan`a bilimler beriledi.

1. Insanlar miynetin jen`illestiretug`in mashina ha`m mexanizmler haqqinda.

2. Insanlar miyneti ja`ma`a`t xarakterinde ekenligi haqqinda.

3. Ja`ma`a`t miyneti protsessinde insanlardin` o`z-ara qarim-qatnaslari haqqinda.

4. Miynet qahramanlari, xalqimizdin` miynet da`sturleri haqqinda.

*U’lkenler miyneti menen tanistiriwdin` qural ha`m metodlari.* Balalar baqshasinda balalardi u’lkenler miyneti menen tanistiriw ha`r qiyli sho`lkemlestiriwshi jollar ha`m metodlar arqali a`melge asiriladi. Birinshi jol – ekskursiya, shinig`iw, maqsetli seyiller arqali balalardi u’lkenler miynetine jaqinlastiriw. Bunda baqlaw, kino ha`m diafil`m, diapozitiv, teleesittiriw, a`debiy a`debiyat, ko`rgen ha`m esitgeni haqqinda gurrin`, ta`rbiyashi ha`m balalardin` gurrin`leri, ta`rbiyashinin` gurrin`i ha`m tusindiriwi, didaktikaliq oyinlar siyaqli ha`r qiyli metodlardan paydalaniladi.

Ekinshi jol - shinig`iw ha`m shinig`iwdan tisqari waqitlarda u’lkenler miynetin balalarga jaqinlastiriw. Gigienaliq ha`m pedagogikaliq ta`repten mumkin bolg`an islerdi (imaratti tazalaw, idis juwiw, juwilg`an kirlerdi u’tiklew, bayram kiyimlerin tigiw, balalar menen oyin, shinig`iw ushin kerekli materiallardi tayarlaw ha`m basqalar) balalar alding`a orinlaw. Baqlaw, ko`resetip tusindiriw, gurrin`, tarbiyashinin` so`ylep beriwi ha`m usig`an uxsas materiallardan paydalaniladi. Baqlawdan keyin balalar menen usig`an uxsas miynet turlerin sho`lkemlestiriw maqsetqe muwapiq bolar edi, kitapxanag`a barip kelgennen keyin jirtilg`an kitaplardi jamaw, modalar atel`esine barip kelgennen keyin kuwirshaqqa kiyim tigiw h.t.b.

U’shinshi jol - balalardin` u’lkenler menen birgeliktegi miynetleri. Balalardin` u’lkenler menen birgeliktegi miynetleri ha`r qiyli boliwi mumkin (xana o`simliklerin juwiw, imarattin ishin tazalaw h.t.b.).

Balalardin` u’lkenler menen birgeliktegi miynetlerin sho`lkemlestiriw formalari ha`m is mazmunina qarap ha`r qiyli boladi.

1. Tiykarg`i isti u’lkenler orinlaydi, balalar qollarinan kelgenshe ja`rdem beredi.

2. Ta`rbiyashi isti baslap beredi, qalgannin balalar o`zleri o`z betinshe dawam ettiredi.

3. U’lkenler baslap beredi, balalar dawam ettiredi, keyin bolsa balalar ha`m u’lkenler birgelikte orinlaydi.

Balalar u’lkenler menen bigelikte miynet etiwleri arqali minyet uqipliliqlari ha`m ko`nlikpelerin tez ha`m an`sat iyelep aladi, olardin` u’lkenler miyneti haqqindag`i bilimleri bayiydi, bunday miynet balalarg`a quwanish bag`ishlaydi.

Balalardi u’lkenler miyneti menen tanistiriwda ha`mme metod ha`m qurallardan ken` turde paydalaniladi.

*Baqshada balalar miynetin sho`lkemlestiriw.*

Miynet etiw ha`r dayim bolip, onda ha`mme balalar qatnassa ha`m u’lkenler miyneti menen tanistirip barilsa, ol ta`rbiya quralina aylanadi.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalar to`mendegi miynet tu’rlerine tartiladi: o`z-o`zine xizmet etiw, xojaliq miynet, ta`biyat qushag`indag`i miynet ha`m qol miyneti.

*O`z-o`zine xizmet etiw.* Bul balalar miynetinin` bir tu’ri bolip, onda balalar erte jasinan baslap o`z betinshe awqatlaniwg`a, juwiniwg`a, kiyiniw ha`m sheshiniwge, oyinshiqlarin jiynastirip qoyiwg`a uyretiledi. O`z-o`zine xizmet etiw protsessinde balalarda o`z betinshelik, belgili maqset penen ha`reket etiw siyaqli sipatlar qa`liplesedi, balalar qollarinan kelgen isti o`zleri orinlawg`a u’yrenedi. O`z-o`zine xizmet balalarda a`piwayi miynet tu’rlerine qarag`anda qizig`iwshiliq oyatadi, ta’rtipli boliwg`a, a`depke u’yretedi.

*Balalar xojaliq miyneti* balalar baqshasinda  ha`m shan`araqta tartiladi. Onin` mazmuni ha`r qiyli boladi. Xana ha`m baqsha maydanshasin jiynastiriw, shay idislarin, quwirshaq kiyimleri, mayda zatlardi juwiw, shinig`iwg`i kerekli materiallardi tayarlap qoyiw, shinig`iwdan keyin stol ustindegi zatlardi jiynastirip aliw h.t.b.

*Ta`biyattag`i miynet* balanin` ha`r ta`repleme  rawajlaniwinda za`rur a`hmiyetke iye bolip, o`simlik ha`m haywanlar, jil ma`wsimleri, jansiz ta`biyat haqqindag`i bilimler deregi, balalarda miynetsuyiwshilikti, ta`biyatqa abayli qarim-qatnasiqti  ta`rbiyalaw kurali,sonin` menen birge balalar miynettin` bul turi arqali topraqti egiwge tayarlaw, o`simlik ha`m hayanlardi asiraw siyaqli bir qansha miynet uqipliliqlari  ha`m ko`nlikpelerin iyelep aladi. Miynetin` tiykarinan ashiq hawada sho`lkemlestiriliwi balalar organizmin shiniqtiradi, olardin` sawlig`in bekeemleydi.

*Qol miyneti* - shinig`iw, oyinlarg`a miynet iskerligi ushin zarur bolg`an oyinshiq ha`m qurilmalardi tayarlaw boyinsha balalar miyneti (qag`az qiyindilarin taslaw ushin, o`simlikler urukg`i ushin kutishalar, quwirshaq kiyimleri, qalpaqshalar, ha`m usig`an uxsas zatlar tayarlaw).

Qol miynetin orinlaw arqali bala na`tiyjege erisedi- na`rse, zat payda boladi. Balalar jabistiriw, boyaw, qirqiw, shege qag`iw, tigiw ha`m usig`an uxsas a`piwayi

miynet uqipliliqlari ha`m ko`nlikpelerin iyelep aladi. Olarda do`retiwshilik, tapqirliq, ziyreklik sezimleri o`sedi.

*Balalar baqshasinda miynetti sho`lkemlestiriw formalari.* Mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalar miynetinin` tiykarg`i formalari to`mendegilerden ibarat, o`z-o`zine xizmet etiw, tapsirmani orinlaw, jeke ta`rtiptegi miynet, na`wbetshilik, qol miyneti boyinsha shinig`iwlar, ja`ma`a`t miyneti. O`z-o`zine xizmet, tapsirmani orinlaw, mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalar miynet iskerliginin` baslawish forma esaplanadi.

O`z-o`zine xizmet etiw balalar miynetinin` formasi sipatinda jas toparlarda sho`lkemlestiriledi. Ol ku'n ta`rtibindegi uyqi ha`m seyilden aldin ha`m keyingi protsessler, awqatlaniw, qiyiniw ha`m sheshiniw, kiyim ha`m deneni taza tutiw menen baylanisli.

Jas toparlarda tapsirmalardan paydalaniladi, ol jeke ta`rtipte ha`m toparli boliwi mu'mkin. Kishkene toparlarda balalarga onsha quramali bolmag`an ha`m qisqa mu'ddetli tapsirmalar beriledi, «Oyinshiqti, kitapti, stuldi alip kel, ornina aparip qoy, tu'ski awqat ushin stol u'stine qasiqlardi qoyip shiq». Bunday tapsirmalardi ayirim balalar toparlardan tisqari jaylarda ha`m orinlawa mu'mkin.

Orta ha`m u'lken toparlardag`i balalarg`a beriletug`in tapsirmalar 2-3 baladan sho`lkemlesken kishi toparlar ta`repinen orinlaniwi mumkin (oyinshiqlardi jiynastiriw, gu'llerge suw quyiw, tu'sken japiraqlardi terip, tiyisli jerge alip barip taslaw siyaqli).

Ta`rbiyashi balaradin` tapsirmani orinlaniwina basshiliq etiw menen ha`m a`dep-ikramliliq, ha`m miynet ta`rbiyasinin` zaru'r ta`replerin a`melge asiradi, miynette qatnasiw tilegin, doslarina g`amhorliq ha`m itibar menen qaraw ruhin sin`diredi, balalardi ten`lesleri ha`m u'lkenler menen o`z-ara jaqsi qarim-qatnasiqta boliwg`a a`detlendiredi, tapsirilg`an iske juwapkershilikti seziw, na`tiyjege erisiwde sawatliliqti ta`rbiyalaydi.

*Na`wbetshilik*- bul ja`ma`a`t ushin mo`lsherlengen miynet iskerliginin` formasi bolip, ol ma`jburiy ta`rtipte orinlanadi. Balalardin` na`wbetshiligi ekinshi kishi toparda jil aqirinan baslanadi.

Barliq balalardin` miynette ha`r dayim qatnasiwlarin ta`miyinlew ushin na`wbetshiliktin` ha`r qiyli tu’rleri sho`lkemlestiriledi, asxanada (ha`mme jas toparlarda), shinig`iwg`a tayarlaniwda (orta topardan baslap), o`simlik ha`m haywanlardi qarawda (u’lken ha`m mektepke tayarlaw toparlarinda).

Na`wbetshilerdin` waziypasi ha`m orinlag`an istin sipati baqlap bariladi. Bunday bahlawda balalardin` o`zleri qatnassa ja`ne a`m jaqsi boladi.

Balalardin` miynet ta`rbiyasin sho`lkemlestiriw formalarinan ja`ne biri qol miyneti boyinsha shinig`iw. Bilim a`m uqipliliq birinshi ma`rte berilip atirg`an bolsa ha`m ol tusindiriw ha`mde barliq balalarg`a ko`rsetpeli etip ko`rsetiwdi talap etken hallarda a`ne usinday shinig`iwlar o`tkiziledi.

Balalardin` ja`ma`a`t miyneti da`stlepki ja`ma`a`tshilik tiykarlarin qa`liplestiriwde zarur a`hmiyetke iye. Ja`ma`a`t miynetinde birgelikte ha`reket etiw, o`z-ara ja`rdem, usi menen birge miynet bo`listiriliwi ha`m birikken boladi. Bunda miynet jetiskenliklerinen birgelikte quwanadi, is jaqsi shiqpasa birgelikte qayg`uradi.

Birgeliktegi miynet to`mendegishe sho`lkemlestiriliwi mu’mkin ma`selen, xanani jiynastiriwda balalardin` birewi oyinshiqlardi juwadi, ekinshisi artadi, u’shinshisi oyinshiq polkasin tazalaydi ha`m og`an oyinshiqlardi teredi. Yaki ta`biyattag`i mynette birewi tubeklerge qum ha`m topiraqlardi saladi, ekinshisi tuqim yamasa na’ldi otirg’izadi, u’shinshisi jayina alip barip qoyadi. Bul jerde balalardin` is ha`reketinde o`z-ara kelispewshilik boliwi, yag`niy ha`r bir bala bir formada shaqqanliq penen ha`reket etiwleri kerek, bunin` na`tiyjesinde belgili miynet qarim-qatnasiqlari ju’zege keledi. Bunday jag’dayda ta`rbiyashinin` balalar ortasinda tuwri qarim-qatnas ornatiwga qaratilg`an basshilig`i za’rur.

Bunday basshiliq, belgili izbe-izlikte a`melge asiriladi.

1. Miynet uqipliliqlarin qa`liplestiriw. A) Miynet protsessinde yamasa tapsirmalardi orinlawda balalardi jeke yamasa kishi toparlarg`a bo`lip, miynet uqipliliqlarina u’yretiw.

B) Balalarda miynet uqipliliqlarin bekkemlew, is sipatin jaqsilaw maqsetinde arasinda azang'i waqitlari, seyil waqitlarinda birgeliktegi miynetti sho`lkemlestirip turiw.

V) Balalardi u'lkenlerdin` miynet protsessleri menen tanistirip bariw, is qanday izbe-izlikte orinlanip atrg`anin, oni orinlaw ta`rtibi, istin` sipati, miynet na`tiyjesinde a'piwayi na`rselerden shirayli buyimlardin` payda boliwi h.t.b.

G) Ayrim miynet uqipliliqlarina u'yretiw boyinsha shinig`iwlar sho`lkemlestiriw.

2. Balalardin` uliwma miynetin sho`lkemlestiriw.

A) Balalarg'a u'lkenler miynetinin` ja`ma`a`t xarakterinde ekenligin tu'sindiriw.

B) Balalar miynetin uliwma maqset penen sho`lkemlestiriw. Bunda balalardin` ha`r birine kim qaysi isti orinlawi kerekligi tu'sindiriledi (ma`selen, topar xanasmin jiynaw).

V) Barliq topar balalarin uliwma miynetti sho`lkemlestiriw. Bul u'sh na`rseni itibarg`a alg`an halda sho`lkemlestiriledi: 1) miynetti qatnasiwshilar ortasinda tuwri bo`listiriw 2) waziypani orinlaw proyessi 3) miynet na`tiyjesin dodalaw.

Demek, mektepke shekemgi ta`rbiya jasi da`wirinde miynet iskerligi qa`liplestiriledi. Pedagog basshilig`inda miynettin` ja`miyetlik sebeplerin ha`mme zarur ta`repleri qa`liplesedi. U'lkenler miyneti ha`m onin` ja`miyetlik a`hmiyeti haqqindag`i bilimler o`zlestirilip alinadi.

## I.4 Oyınnın` bala iskerligi sıpatında o`zine ta`n o`zgesheligi

Oyın mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardın` tiykarg`ı xızmeti bolıp, ol arqalı bala shaxs sıpatında qa`liplesip baradı. Oyın balanın` keleshektegi oqıw, miynet xızmeti, adamlarg`a mu`na`sebetinın` qay jerde qa`liplesip barıwın belgileydi.

Balalar oyınının` o`zine ta`n o`zgesheligi sonda, ol do`gerek a`tirapdag`ı du`nyanı insanlardın` xızmeti, olardın` is protsessindegi o`z-ara mu`nasabetlerin sa`wlelendiredi. Oyın waqtında xana balalar ushın ten`iz, tog`ay, metro stantsiyası, temir jol vagonı bolıwı mu`mkin. Balalar oyınının` ja`ne bir qa`siyeti-onın` ha`weskerlik ta`rizde bolıwı bolıp esaplanadı.

Bala o`z oyınlarında aldın u`lkenler miynetine uqsatıwg`a ha`reket qıladı, keyinsheli olardın` miynetine qatnasadı. Oyın jas a`wladtı miynetke tayarlaydı.Balalar oyının bunday tu`siniw birinshi ma`rte K.D.Ushinskiy ta`repinen ta`riplep berilgen edi. Ol o`z shıg`armalarında balalar oyınının` mazmunı olardın` o`mirden alg`an tu`sinikleri menen belgilep olar shaxsının` qa`liplesiwine ta`sir etedi,-dep jazadı.

Solay eken, oyınnın` sotsiallıq waqıya ekenligin, oyında do`gerek - a`tiraptag`ı ha`mme na`rsenin` sa`wleleniuin ullı alım ha`m pedagoglar o`zlerinin` baqlaw ha`m ilimiy izertlewleri arqalı da`lillep beredi.

Ta`rbiyashılar balalar oyınına basshılıq qılıwda to`mendegilerge boysınıwları lazım:

1. oyın menen miynet ortasında durıs mu`na`sebet ornatıw:

2. oyında balalardın` bolajaq miynetkesh adamlarg`a mas bolg`an fizikalıq ha`m ruhiy sınaqların ta`rbiyalaw.

Sol sebepli oyın tariyxıy rawajlanıw protsessinde miynet xızmeti na`tiyjesinde payda bolg`an sotsiallıq xızmet bolıp esaplanadı: oyın ha`miyshe haqıyqıy o`mirdi sa`wlelendiredi. Demek, sotsiallıq o`mir o`zgeriwi menen onın` mazmunıda o`zgeredi: oyın ma`lim maqsetke qaratılg`an sanalı xızmet bolıp, onın` miynet penen ko`p ulıwmalıg`ı bar ha`m jaslardı miynetke tayarlawg`a xızmer etedi. Oyın xızmeti tiykarında baladag`ı oqıw xızmeti rawajlanadı,bala qanshelli jaqsı oynasa, al mektepte sonshelli jaqsı oqıydı.

A.V.Zaporojets balalar oyının erte jastan baslap baqlap barıwı na`tiyjesinde onı ha`reketke keltiriwshi sebepler, rawajlanıw nızamlıqları, ha`r qıylı jas basqıshlarda balalar oyınının` o`zine ta`n ta`repleri, mazmunı ha`m du`zilisin u`yreniw za`ru`rligi payda boladı.

Erte jastag`ı balalar oyın xızmetinin` birinshi basqıshı tanıstırıwshı oyın bolıp, ol na`rse oyın xızmeri bolıp esaplanadı. Onın` mazmunı qol ushındag`ı na`zik ha`reket bolıp esaplanadı.

Keyingi basqısh sa`wlelendiriw oyını bolıp esaplanadı. Bul erte jastag`ı balalar oyını psixologiyalıq mazmunının` rawajlanıwında en` joqarg`ı shın`ı esaplanadı. U`lkenler ta`lim-ta`rbiyalıq islerin belgili bir izbe-izlik penen alıp barsa, bul jastag`ı balalar na`rse ha`m buyımlar atın, nege isletiletug`ınlıg`ın bilip aladı ha`m bul jan`a belgilerdi o`z oyınlarında qollanadı.

Bul jastag`ı balalar oyını mazmunı jag`ınan predmetli xızmetti sa`wlelendiredi.

Birinshi jastın` aqırı ha`m ekinshi jastag`ı balalar oyınında syujetti sa`wlelendiriw ju`zege keledi. Bala qolındag`ı buyım menen onnan qalay

paydalanıw kerekligin bilip aladı. Mısalı: qasıq penen awqat jelinedi, kesada chay ishiledi, krovatta jatıladı, quwırshaqtı anası erkeletedi h.t.b. Usının` tiykarında syujetli-rolli oyınnın` da`slepki qırları ju`zege kele baslaydı.

Na`wbettegi basqısh rolli oyın bolıp, onda balalar o`zlerine tanıs bolg`an u`lkenler miyneti ha`m adamlardın` sotsial mu`na`sa`betlerin sa`wlelendiredi.

Balalar oyın xızmetinin` basqıshpa-basqısh rawajlanıwı tuwrısındag`ı ilimiy tu`sinikler ha`r qıylı jas toparlarında balalardın` oyın xızmetine basshılıqtın` anıq sistemalı usınısların islep shıg`ıw imkaniyatın jarattı.

Solay etip, balalar baqshasının` pedagogikalıq protsessinde oyınnın` tutqan ornı ju`da` u`lken bolıp, oyınnan mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardı ta`rbiyalaw ha`m olarg`a bilim beriwde ken` paydalanıladı. Demek:

- oyın balalardın` g’a’rezsiz xızmeti bolıp, onda balanın` iskerligi ju`zege keledi;
- oyın mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalar o`mirin sho`lkemlestiriw forması;
- oyın balalardı ha`r ta`repleme ta`rbiyalaw qurallarının` biri;
- oyın balalarg`a ta`lim ha`m ta`rbiya beriwdin` metod ha`m usılı bolıp esaplanadı;
- oyın balalardı oqıw xızmetine tayarlaw quralı.

Belgili pedagog-alımlardın` alıp barg`an izertlewleri oyıng`a kompleks basshılıq qılıw arqalı balalarg`a oyınnın` mazmunı, sho`lkemlestiriwi, du`zilisi, balalardın` a`dep-ikramlılıq mu`na`sebetleri, balalaroyınnın` rawajlanıw da`rejesine ta`sir etiw mu`mkinshiligin ko`rsetedi.

Balalar oyını o`zinin` mazmunı, o`zgesheligi, sho`lkemlestriliwine qaray ha`r qıyly bolıp, sonın` ushın onı to`mendegishe tu`rlerge ajratadı:

1. Do’retiwshilik oyınlar.
2. Qag`ıydalı oyınlar.

Do’retiwshilik oyınlardı balalar o`zleri oylap tabadı. Onda aldınan belgilengen qag`ıydalar bolmaydı. Oyın qag`ıydasın balalardın` o`zleri oyın protsessinde belgileydi.

Do’retiwshilik oyınlarg`a dramalastirilg’an oyınlar, qurılıs oyınları, ta`biyiy materiallar menen oynalatug`ın oyınlar kiredi.

Qag`ıydalı oyınlardın` mazmunı ha`m qag`ıydaları u`lkenler ta`repinen belgilenedi. Qag`ıydalı oyınlarg`a to`mendegiler kiredi: didaktik oyınlar, ha`reketli oyınlar, muzıkalıq oyınlar, ertek oyınlar.

Oyın erkin xızmet bolıp bul protsesste balalar o`z ten`lesleri menen baylanısta bolıwg`a kirisedi. Olardı ulıwma maqset, og`an erisiwdegi ulıwmalıq keshirmeler birlestiredi. Sonın` ushın oyın doslıq mu`na`sebetlerin ta`rbiyalawg`a,ja`ma`a`t turmısı belgilerin, sho`lkemlesken qa`biletlerin qa`liplestiriwde u`lken a`hmiyetke iye. Birgeliktegi oyın menen birlesken kishi balalar ja`ma`a`tinde quramalı mu`na`sa`betler ju`zege keledi. Ta`rbiyanın` wazıypası ha`r bir balanı aktiv oyıng`a shaqırıw, biraq basqa hesh bir xızmette oyındag`ı sıyaqlı balalardın` minezi menen baylanıslı bolg`an qatıp qalg`an qag`ıyda joq. Bunday qag`ıyda tvorchestvolıq oyıng`a da, qag`ıydalı oyıng`a da, qag`ıydanı balalar o`zleri ornatatug`ın oyıng`a da tiyitsli bolıp tabıladı. Mine sonın` ushın da oyın balalardı intizamlı qıladı, olardı o`z ha`reketleri ha`m pikirlerin qoyılg`an maqsetke boysındırıwg`a u`yretedi.

Oyın miynet ta`rbiyası wazıypasın orınlawg`a da ja`rdem beredi. Balalar o`z oyınlarında ha`r qıylı  ka`siptegi adamlardı sa`wlelendiredi, usı menen olar u`lkenlerdin` ha`reketine g`ana uqsatıp qalmay, sol menen bir qatarda olardın` isine, miynetke bolg`an mu`na`sebetlerinde sa`wlelendiredi. Oyın balada ko`binese miynet qılıw qa`lewshiligin oyatadı, oyın ushın kerekli na`rselerdi tayarlaw ha`m sog`ıwg`a ma`jbu`r qıladı. Oyında ha`zirgi zaman balalarına say bolg`an texnikag`a qızıg`ıwshılıq payda boladı ha`m rawajlanadı, balalar ha`r tu`rli mashınalar sog`adı ha`m texnik oyınshıqlar menen oynaydı.

Oyında aqılıy rawajlanıw menen baylanıslı halda a`dep-ikramlılıq sıpatlar da qa`liplesedi. Oyın protsessinde ju`z bergen keshirmeler bala sanasında teren` iz

qaldıradı, sonın` ushın oyın balada jaqsı sezimlerdi, arzıwlar ha`m umtılıwların, salamat qızıg`ıwların ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi. Oyında bala o`z minezin basqarıwg`a, qıyınshılıqtı jen`iwge, o`z maqsetine qatan` turıp jetisiwge urınadı.

*Balalarg`a oyın arqalı estetikalıq ta`rbiya beriw.* Oyın balalardı fizikalıq ta`repten ta`rbiyalıq sistemasında, baqshanın` ta`lim-ta`rbiya jumıslarında, a`dep-ikramlılıq, miynet ha`m estetikalıq ta`repten ta`rbiyalawda u`lken orın tutadı.

Oyında jas organizmge say bolg`an talap ha`m za`ru`rliklerdi qanıqtırıladı, turmıslıq, aktivlik artadı, shıdamlılıq ziyreklik, quwnaqlıq ta`rbiyalanadı. Sonın` ushın da balalardı fizikalıq ta`rbiyalaw sistemasında oyın mu`na`sip orın iyeleydi. Ataqlı pedagog ha`m shıpaker E.A.Arkin oyındı ruwhıy vitamin dep biykarg`a aytpag`an.

Oyın, bilim ha`m shınıg`ıwlar menen, ku`ndelik turmıstag`ı baqlawlar menen u`ziliksiz baylanısta bolıp ju`da` u`lken ta`lim-ta`rbiyalıq a`hmiyetke iye.

Oyın estetikalıq ta`rbiyanın` anıq quralı bolıp tabıladı. Oyında do`retiwshilik qıyal, pikirlew qa`bileti ju`zege keledi ha`m rawajlanadı. Jaqsı taqlang`an oyınshıq ko`rkem sheberlikti ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi. Ha`reketli oyınlarda ha`reketinin` gozzallıg`ı balalardı o`zine qaratadı.

Oyınnın` u`lken ta`rbiyalawshı a`hmiyeti o`zinen-o`zi a`melge aspaydı. Oyın paydasız, ha`tteki za`rerli bolıwı, ayrım waqıtları jaman qızıg`ıwshılardı, jaman sezimlerdi qorg`awı mu`mkin. Ta`rbiyashı oyın ja`rdeminde balalardı ha`r ta`repleme rawajlandırıw wazıypasın a`melge asırıw ushın og`an u`zliksiz ra`wishte ta`sir etip barıwı za`ru`r.

Bul wazıypanı sheshiwde oyın balalar baqshasındag`ı ta`lim-ta`rbiyalıq istin` ha`mme ta`repteri menen baylanısta bolıwı kerek. Oyında balalardın` shınıg`ıwlarda alg`an bilim ha`m ko`nlikpeleri sa`wlelenedi ha`m rawajlandırıladı, olar arqalı bolsa bala turmısqa u`yretiledi. Ekinshi ta`repten, oyında ta`rbiyalang`an xızmettin` basqa tu`rlerine ko`shiriledi.

Balalar baqshasındag`ı pedagogikalıq protsessti mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardın` o`sip kiyatırg`an jas organizm o`zgesheliklerin

itibarg`a alg`an halda olardı jaqsı ta`rbiyalaw ushın qolay sha`rt-sharayatlar jaratatug`ın qılıp sho`lkemlestiriw lazım.

Bunın` ushın balalar turmısın sho`lkemlestiriwde oyın jetekshi orın iyelewi lazım. Balalar oyınına ajratılg`an waqıttı shınıg`ıw yamasa ku`n ta`rtibindegi basqa ilajlardı sozıp jiberiw arqalı iyelew mu`mkin emes.

Oyın azanda sa`skelikke shekem (15-20 minut) baslanadı ha`m sa`skelikten keyin, shınıg`ıwlar ortasında, ashıq hawada, uyqıdan keyin o`tkiziledi. Azanda rolli oyınlar, qurıw-sog`ıw, ha`reketli oyınlardı sho`lkemlestiriw usınıladı.

Shınıg`ıw ortasında ha`reketli, qag`ıydalı oyınlar o`tkeriledi. Olar tiykarınan shınıg`ıwdın` mazmunına baylanısı boladı.

Ashıq hawadag`ı oyınlarg`a ju`giriw, ılaqtırıw,sırg`anıw menen baylanıslı bolg`an oyınlar, qag`ıydalı oyınlar kiredi. Sonday-aq, qurılıs, rolli, sport oyınları, ta`biyiy materiallar menen oyınalatug`ın oyınlar (qum, suw, ılay menen) didaktik oyınlar balalardın` ha`reketin rawajlandırıwshı oyınlar, dramalastırılg`an oyınlar boladı. Ta`rbiyashı ha`mme oyınlarg`a basshılıq qıradı. Ku`ndizgi uyqıdan keyingi oyınlarg`a qurılıs oyınları, ertek boyınsha qoyılatug`ın oyın, roli oyınlar, didaktik oyınlar tag`ı basqalar kiredi.

Oyınlardın` tu`rleri, mazmunı olardı ha`r bir jas toparları boyınsha sho`lkemlestiriwdi belgileydi. Oyın pedagogikalıq protsessti miynet ha`m ta`lim, balalardın` basqa xızmetleri menen o`z-ara baylanıslı halda alıp barıladı.

Oyında balalar do`gerek a`tiraptag`ı ha`diyselerdi a`meliy ta`repten o`zlestirip baradı. Balalar oyın protsessinde bilimlerdi o`zlestiriw, onı bekkemlewdi tiykarg`ı maqset qılıp qoymaydı, biraq u`lkenlerdey ha`reket qılıw, basqa balalar menen baylanısqa kirisiw, oyın wazıypalardın` o`zine tartıwshılıg`ı, jarıs ha`m sog`an uqsaslar balanın` bilimlerin iyelep, bekkemlep barıwın tamiyinleydi. Balalar ha`tteki didaktikalıq oyınlardı da bir na`rseni bilip alıw ushın oynamaydı. Biraq oyın protsessinde balanın` bilimi o`zi sezbegen halda o`z-o`zinen bekkemlenip baradı.

Ta`lim protsessinde (shınıg`ıwlarda) balalardın` bilimin qa`liplestiriwin anıq maqset qoyıladı. Ta`rbiyashı balalardı jan`a bilimlerden xabardar qıladı,

olarda oqıw xızmetinin` en` a`piwayı bilimlerin qa`liplestirip baradı. Ta`limnin` o`zgesheligi ha`m mazmunı balalar oyınları mazmunına ta`sir etip, onı rawajlandıradı. Shınıg`ıwlarda, ekskursiyalarda iyelegen bilimler balalardın` oyın xızmetin, qızıg`ıwların rawajlandıradı.

Ekinshi ta`repten, ha`r tu`rli metodlar menen o`tkiziletug`ın shınıg`ıwlarda ha`r qıylı oyın usılların da paydalanıladı. Bunday usıllar balalar dıqqatın toplaw, olardın` qabıl etiwin aktivlestiriw, bilimlerin tolıg`ı menen o`zlestirip alıw imkanın jaratadı.

Oyınnın` miynet penen baylanıslılıg`ı sonnan ibarat, balalar o`zlerinin` oyınshıqların ha`r dayım abaylap saqlap baradı.

Keyingi jıllarda alıp barılg`an ilimiy izertlew jumısları na`tiyjeleri sonnı ko`rsetpekte, kishi toparlardag`ı miynet xızmetine oyın o`zgesheliklerin kirgiziwdi belgileydi. Ma`lim bolıwınsha aldın balalar u`lkenler miynet protsessin qanday orınlag`anların o`zlestirip alıp, keyin o`z oyınlarında usını sa`lelendirer eken, sonnan keyin g`ana erkin miynet xızmetine o`ter eken.

Balalar miyneti qızıqlı bolıwı ushın onı ko`binese oyın tu`rinde o`tkiziledi. Mısalı: maydanshanı tazalag`anda balalar shıg`ındılardı za’mberlerde tasıw ornına, mashinalarda tasıydı, ustaxanalarda kartonlardan qutıshalar sog`adı ha`m tag`ı basqalar.

Balalar o`z oyınlarında u`lkenler miynetin sa`wlelendiriwi olarda bul miynetke hu`rmetin qa`liplestirip baradı. Bul da oyınnın` miynet penen baylanıslılıg`ına mısal bola aladı.

Sonday qılıp, oyın jaqsı jolg`a qoyılg`an pedagogikalıq protsesste balalardın` pu`tkil turmısın iyelep aladı ha`m onın` qızıqlı o`tiwin ta`miyinleydi.

P.F. Lesgart ha`reketi oyınlardı joqarı ta`rtiptegi shınıg`ıwlar dep qarap, ol balanı sonday jag`dayg`a salıp qoyadı, onda balanın` aqılı boladı, ha`reketleri belgili bir oyıng`a qaratılg`an boladı.

Qurılıs oyınlarında konstruktiv qa`biletler, sulıw, ko`rkem ko`rinisler, estetikalıq sezimlerdin` rawajlanıwınan basqa ha`reketti baqlap barıw, onın` ku`shi bir na`rsege bag`darlanıwın esaplaw a`deti de ta`rbiyalanadı. Qurılıs payda etiw

ushın shıdamlı, maqsetke erisiw jolındag`ı talapshanlıqtı talap etedi. Na`tiyjede balalar, estetikalıq quwanısh ha`m miynet zawqın is ju`zinde biledi.

Oyınshıq - balalar oyınları ushın jaratılg`an arnawlı predmet bolıp esaplanadı. Biraq bul real predmettin` kishireytilgen nusqası emes, al onın` sha`rtli ko`rinisi, ju`da` ulıwmalastırılg`an ko`rkem obrazı bolıp sanaladı. Arnawlı forma, ha`reketlilik, anıqlıq ha`m ren`inin` sha`rtliligi – bulardın` barlıg`ı balanın` dıqqatın oyınshıqqa awdaradı, onın` menen oynaw sezimlerin keltirip shıg`aradı. Oyınshıq bala quwanıshının` tiykarı.

Pedagog alımlarımızdın` ko`rsetiwinshe, oyınshıq oyınnın` materiallıq tiykarı. Bala qanday da bir oyındı oynaytug`ın bolsa, ol o`z sezimlerin, pikirlerin ha`rekette is ju`zine asıradı, demek onın` pikirleri, sezimleri, is-ha`reketinin` oynalıwı ha`m ko`p jag`dayda ol qanday oyındı oynap atırg`anlıg`ına, qolına qanday oyınshıqlardı uslawına baylanıslı boladı.

To`mendegi dizimdegi oyınshıqlar E.A.Flerina islep shıqqan klassifikatsiyag`a muwpıq keltiriledi. Motorlı, syujetli, texnikalıq oyınshıqlar ha`m qurılıs materialları, didaktikalıq oyınshıqlar, ertek, muzıka ha`m teatr oyınshıqları ajıratıp berilgen.

Matorikaliq oyınshıqlar tiykarınan balalardın` tiykarg`ı ha`reketlerin rawajlandırıw ha`m o`zlestiriwge mayda matorikalar (qol pa`njeleri, barmaqlardın` ha`reketi) ha`reket ma`deniyatın ta`rbiyalawg`a mo`lsherlengen. Mayda matorikalardın` rawajlanıwına ja`rdem beriwshi oyın ha`m oyınshıqlardı tan`lawg`a ayrıqsha itibar beriw kerek, sebebi olar balanın` qolın shınıqtırıwda ha`m miynetke iye boladı.

Syujetli yamasa obrazlı oyınshıqlar xarakterinin` do’retiwshilik ayrıqshalıg`ı:(na`ziklik), mehir, g`amqorlıq, ja`rdem beriw sezimi, sonday-aq, u`lkenlerge ha`m olardın` miynetine hu`rmet, qatar-qurbıları menen oynaw ko`nlikpesi ha`m basqalardı ta`rbiyalawg`a ja`rdem beredi.

Texnikalıq oyınshıqlar balalarg`a qızıg`arlı, anıq formada texnika haqqında tu`sinik beredi, texnikag`a qızıg`ıwdı ha`m onı oyında is ju`zinde asırıwdı ta`rbiyalawg`a qolay boladı.

Mektepke shekemgi jastag`ı u`lken balalarda mexanizmli texnikalıq oyınshıqlar qızıg`ıwshılıqqa ta`rbiyalawdı,olarda oyınshıqtı qanday ha`reketke keltiriwdi beriwge bolg`an qızıg`ıwshılıqtı tuwg`ızadı, usıg`an uqsas na`rselerdi izbe-izlik penen jasaw sezimin ju`zege keltiredi. Bunday qatnasta jıynap ha`m bo`leklene alatug`ın oyınshıqlar, konstruktorlar ha`m yarım tayar oyınshıqlar jıynag`ı u`lken a`hmiyetke iye.

Didaktikalıq oyınshıqlar – jıynap bo`leklenetug`ın ha`m basqa oyınshıqlar sensor protsessinde uyımlastırıwda ha`m balalardı ulıwma rawajlandırıwda u`lken a`hmiyetke iye.

Muzıkalı oyınshıqlar balalarda tın`law qa`bileti, muzıkag`a ıqlasın, ritm sezimlerin oyatadı.

Teatr oyınshıqları balalardı teatr tamashago`ylerine tayarlaydı. Kishi gruppalarda ta`rbiyashı ertek, jan`ıltpashlardı aytıwda bul oyınshıqlardı olarg`a ko`rsetedi, u`lken gruppalarda bolsa olardan balalardın` o`zleri oyın-dramalastırıwlar ha`m basqa teatrlastırılg`an oyınlar izbe-iz paydalanıladı.

Oyında shaxstag`ı belgili ba`rshe tarawlar iske tu`sedi: bala ha`reket qıladı, so`yleydi, qabıl etedi, oylaydı; oyın protsessinde balanın` qıyalı, este saqlawı aktiv tu`rde isleydi. Ayırım ilimpazlardın` izertlewinshe didaktikalıq ha`m ha`reketli oyınlardın` pedagogikalıq protsesste tutqan ornı ha`m a`hmiyeti, o`zine ta`nlikleri belgilep beriledi.

O`tkerilgen izertlewler oyın teoriyasının` tiykarg`ı ma`selelerin birqansha teren`irek jaratıw imkaniyatın beredi, sonlıqtan: 1. Oyınnın` du`zilisi ha`m o`zine ta`nligi; 2. Oyınnın` bala ta`rbiyasındag`ı ornı ha`m onın` balalar baqshasındag`ı pedagogik protsesste tutqan belgisi. Oyınnın` du`zilisi. Oyın bul bala iskerliginin` tu`ri. Solay eken ba`rshe iskerilkte bolg`anı sıyaqlı: maqsetin` belgililigi, sebepler, a`meleg asırıw qa`siyetlerinin` rejeli ha`reketleri, na`tiyjeliligi sıyaqlılar ta`n.

Ha`r qanday ko`rinistegi oyın tu`sinip alıng`an ha`m maqsetke qaratılg`an iskerlik ta`rizinde alıp barıladı. Bala ha`r qanday oyındag`ı maqsetke erisiw ushın o`zlerine sherikler tan`laydı, za`ru`r oyınshıqlardı tabadı, oyın dawamında belgili bir ha`reket ha`m qılıqlar qıladı, oyınshılar menen ha`r qıylı qarım-qatnaslarg`a

kirisedi. Balanın` oyındag`ı erkinligi a) oyın yaki onın` mazmunın tan`lawda, basqa balalar menen ıqtıyarlı birlesiwde; v) oyıng`a kirisiw ha`m shıg`ıwdın` o`z qa`lewshiliginde ha`m basqada, oyınlar ha`reketlerinde ko`riwimizge boladı.

Didaktikalıq oyınshıqlardın` u`lken toparın xalıq oyınshıqları payda etedi. Ha`r qıylı ren`degi sharlar, tayaqshalar, matreshkalar, kishkene tawshalar ha`m basqalar. Ag`ashtan jasalg`an, anıq boyalg`an bul oyınshıqlar kishkeneler ha`reketlerine ta`n halada islengen. Oyınshıqlardı oyın wazıypasın orınlawda, bala o`zin-o`zi qorg`awda, ta`miynlewde paydalanadı. Ha`r qıylı oyınshıq tu`rli sensor uqıplılıqların rawajlandırıwshı didaktikalıq oyınshıqlarg`a ta`n. Olardag`ı oyın wazıypası nag`ıslar, su`wretlerdi tan`lawha`m jaylastırıwdan ibarat. Tuwrı tan`lang`an oyınshıqlar balalardın` aqılıy rawajlanıwına ja`rdem beredi. Oyınshıq balanı jubatadı ha`m quwandıradı, a`tirap-ortalıqqa do`retiwshilik tuwdıradı. Milliy-quwırshaq balalardın` basqa milletke ta`n jaqınları ha`m u`lken jaslarg`a bolg`an do`retiwshilik mu`na`sibetlerinin` dereklerinen biri. Mektepke shekemgi jastag`ı balalardın` tilin rawajlandırıwda, olardın` ha`r ta`repleme o`sip rawajlanıwında oyınshıqlardın` ta`siri ju`da` u`lken.

# II Bap. Ta`rbiyanin` ja`miyetlik qubilis ha`m pedagogikaliq protsess ekenligi

## II.1 Balalar baqshasinda pedagogikaliq protsessti sho`lkemlestiriw

Balalardin` ha`r ta`repleme rawajlaniwin ta`miyinlewge qaratilg`an pedagogikaliq protsess quramali ha`m ha`r qiyli. Sonın' ushın da pedagogikalıq a'meliyat dawamında (No'kis qalası XBBne 16 sanlı MTM) balalardın' jas o'zgesheliklerine qaray toparlarda alıp barılıp atırg'an pedagogiklaq protsesslerdi baqlap ha'm u'yrenip bardım.  Ozimnin' bekitilgen u'lken topar balaları ha'm ta'rbiyashısı menen ta`rbya ma`seleleri ta`lim-ta`rbiya isinin` sho`lkemlestiriwshi formalari, balalar iskerliginin` ha`r qiyli tu'rleri, shinig`iwlarda ta`lim beriw arqali, do`retiwshilik ha`m qag`iydali oyinlar, balalardin` o`z betinshe iskerlikleri, olardin` o`z miyneti ha`m u'lkenler miyneti  menen tanistiriw arqali, o`z-o`zine xizmet etiw, seyiller o`tkeriw h.t.b balalardın' iskerlik tu'rlerin analiz qılıp bardım. A'meliyat dawamında balalardın' baqsha turmısındag'ı iskerlik tu'rlerinde olardın' elede jedelligin arttırıwg'a ha'reket ettim. (Qosımsha).

Demek, ta`lim-ta`rbiya islerin na'tiyjeli a`melge asiriw balalar baqshasindag`i pedagogikaliq proessti, ha`r bir iskerlik tu'rin tuwri sho`lkemlestiriwge baylanisli.

Balalar baqshasinin` pedagogikaliq proesste ta`lim za’rur a`hmiyetke iye ha`m ol ku’ndelik o`mirde, oyinda, miynette, shinig`iwlar arqali a`melge asiriladi. Shinig`iwlarda ta`lim ha`m ta`rbiya waziypalari sheshiledi. Balalar do`gerek-a`tiraptag`i o`mir ha`m ta`biyat penen tanisiw, tilin o`siriw ha`m sawat u’yreniw, matematika, fizikaliq ma`deniyat, suwretlew iskerligi, muziqa boyinsha en` a`piwayi sa`wleler ha`m bilimlerdi, uqip ha`m ko`nlikpeler sistemasin iyelep aladi. Balalar iyelep aliwlari kerek bolg`an bilim, uqip ha`m ko`nlikpeler balalar baqshasi da`sturinde belgilep berildgen bolip, ol balalardin` uliwma rawajlaniwinda ha`m olardi mektep ta`limine tayarlawda zarur a`hmiyetke iye. Shinig`iwlardi ta`lim beriw didaktika printsiplari tiykarinda balalardin` jas ha`m o`zine say o`zgesheliklerin esapqa alip belgili izbe-izlikte alip bariladi, mazmuni a`sten kuramalasip bariladi. Na`tiyjede ol rawajlandiriwshi ha`m ta`rbiyalawshi o`zgeshelikke iye boladi.

Da`sturde ha`r bir jas toparinda ha`pte dawaminda o`tkiziletug`in shinig`iwlar sani ha`m ha`r bir shinig`iw qansha dawam etiwi belgilep qoyilg`an.

Fiziologiya, gigiena, psixologiya, pedagogika tarawinda alip barilg`an ilimiy-izertlew na`tiyjesinde balalar baqshalarinda kishkeneler o`mirin sho`lkemlestriwdin` to`mendegi printsipleri ju’zege keledi.

1. Ha`r bir jas toparda balalardi ja`ma`a`tshilik ruwhinda ta`rbiyalaw ha`m ha`r bir balanin` ha`r ta`repleme rawajlaniwin ta`miyinleytug`in bir qiyli shart-sharayatlar jaratiw.

2. Balalardi jas toparlarga bo`listiriwde ha`r bir toparg`a tek g`ana bir qiyli jastag`i balalardi tan`law ha`m usig`an qarap ta`lim-ta`rbiya protsessin sho`lkemlestriw.

3. Balalardin` ha`r qiyli iskerlik penen shug`illaniwlari ha`m bir-birleri menen qarim-qatnasqa kirise aliwlari ushin zarur bolg`an materiallin` ortaliqti jaratiw. Bunin` ushin topar xanasi ha`m maydanshani gigienaliq, pedagogikaliq, estetikaliq talaplar da`rejesinde kerekli a`sbap-uskeneler menen ta`miyinlew.

4. Balalardin` jasina say kun ta`rtibine a`mel etiw ha`m onin` birg`iylig`in ta`miyinlew.

5. Balalar shaxsin qa`liplestiretug`in iskerlik turlerin sho`lkemlestiriw ha`m bul iskerlikler ushin ku’n ta`rtibinen belgili waqit ajiratiw.

Balalardin` ha`r qiyli iskerliklerin ilimiy tiykarlang`an printsipler tiykarinda almastirip bariw balalar baqshasinin` ha`r qiyli jas toparlarinda balalar o`mirin tuwri sho`lkemlestiriwdi ta`miyinleydi

## II.2 Mektepke shekemgi jastag’ı balalardı fizikalıq jaqtan rawajlandırıwdın’ a’hmiyeti

Mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemesinde fizikalıq jaqtan rawajlandırıw boyınsha ku’n ta’rtibin du’ziwde, awqatlanıw, shınıqtırıw, fizikalıq shınıg’ıw ha’m oyınlardı sho’lkemlestiriwde differentsial qatnasta bolıwg’a a’mel etiledi. Bunda balalardın’ o’zine ta’n jas o’zgeshelikleri esapqa alınadı. Ta’rbiyashı fizikalıq jaqtan rawajlandırıwda mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemesinde deneta’rbiyası bag’darlaması talaplarına su’yenedi. Sonın’ menen birge ta’rbiyashı, shıpaker, miyirbiyke menen kelisilgen halda shan’araqta balalardı fizikalıq jaqtan durıs ta’rbiyalaw u’git-na’siyat etiledi.

Ta’rbiyashı azang’ı dene shınıqtırıw, fizikalıq shınıg’ıwlar, salamatlıq ku’nin sho’lkemlestiriw usılların jetik biliwi sha’rt. Deneta’rbiyası boyınsha tayarlıg’ın tekseriw, shınıg’ıwlardı sho’lkemlestiriwde tazalıq, gigiena talaplarına ha’m qa’wipsizlik qag’ıydalarına qatan’ a’mel etiledi. Shınıg’ıwlar ashıq hawada, sonın’ menen birge arnawlı u’skenelengen sport zalında o’tkeriledi.

Mektepke shekemgi bilimlendiriw da’wirinde balalardı fizikalıq jaqtan ta’rbiyalawdın’ tiykarg’ı maqseti balalarda ha’r qıylı ko’nlikpeler menen ta’jiriybelerdi qa’liplestiriw, olardag’ı ku’shlilik, tetiklik, shaqqanlıqtı a’melge asırıw, ziyreklik sıyaqlı fizikalıq belgilerdi rawajlandırıwdan ibarat. U’zliksiz tu’rde o’tkeriletug’ın fizikalıq shınıg’ıwlar balalardın’ o’siw ha’m rawajlanıw protsessine unamlı ta’sir etip do’retiwshilik mu’mkinshiliklerin arttıradı.

Bag’darlamada mektepke shekemgi jastag’ı balalardı fizikalıq jaqtan ta’rbiyalaw wazıypaları to’mendegishe belgilenedi:

-salamatlıqtı bekkemlew ha’m shınıqtırıw;

-fizikalıq jaqtan ku’shli etiw;

-shaxstın’ a’dep-ikramlılıq jaqtan do’retiwshilik belgilerin ta’rbiyalaw;

-balalarda maqsetke durıs bag’darlang’an ha’reketlerdi jetilistiriw ushın sharayat jaratıw;

-ha’reketlerdin’ a’hmiyetli turmıslıq tu’rlerin qa’liplestiriw, ju’riw, juwırıw, sekiriw, embeklew, o’rmelew, ılaqtırıw, qaqshıp alıw, ju’ziw, velosiped aydaw, ayaq, qol, dene, bas ha’reketlerin rawajlandırıw, qatarda turıw ha’m qaytadan qatarda turıw;

-oyın ha’reketlerin ken’eytiw ha’m teren’lestiriw, fizikalıq sıpatların rawajlandırıw: shaqqanlıq, epshillik, ziyreklik, isenimlilik, sabır-taqat, ku’shlilik ha’m basqalarg’a ten’lesip tik uslaw ta’jiriybesin arttırıw;

-balanın’ denesin durıs qa’liplestiriwge ta’sir etiw ha’m jalpaq taban keselliginin’ aldın alıwg’a ja’rdem beriw;

-fizikalıq shınıg’ıwlar menen oyınlardın’ paydası, tiykarg’ı gigienalıq talaplar ha’m qag’ıydalar tuwralı jeterli da’rejede tu’sinik ja’ne bilimler beriw;

-belsene ha’reket etiwge qızıg’ıwshılıg’ın ta’rbiyalaw.

Deneta’rbiyası bag’darlamasında ha’r bir topar ushın ku’ndelikli ha’reket ta’rtibi ko’rsetilgen.

Balalar dene ta’rbiyasının’ tiykarg’ı mazmunın u’zliksiz tu’rde orınlawı ushın ha’r qıylı usıldag’ı shınıg’ıwlar bar. Bular tiykarg’ı ha’reketler (ju’riw, juwırıw, sekiriw, ılaqtırıw, embeklew, o’rmelew, qaqshıp alıw, sırg’anaw); ayaq ha’m dene ushın ulıwma rawajlandırıwshı shınıg’ıwlar (ha’r qıylı buyımlardın’ ja’rdeminde ha’m olarsız) ayaq-oyın shınıg’ıwları, qatarda turıw ha’m qaytadan qatarda turıw, ha’reketli oyınlar, ha’r qıylı sport oyınlarının’ o’zgesheliklerin iyelew, sport shınıg’ıwları, rolikli konkide ju’riw, velosiped aydaw, ju’ziw ha’m basqalardan quraladı.

Balalardı xalqımızdın’ en’ ullı da’stu’rleri ruxında ta’rbiyalaw og’ada a’hmiyetli. O’zbek xalqı basqa xalıqlar sıyaqlı o’zinin’ eski da’stu’riy oyınlarına iye. Olar a’sirler dawamında qa’liplesip ha’m jetilisip bu’gingi ku’nge shekem jetip keldi. Bag’darlamag’a zamanago’y ha’reketli oyınlar qatarında, a’ne, usınday o’zbek xalqının’ milliy oyınları da kirgizildi.

Sonın’ menen birge bag’darlamada ha’reket tu’rlerin rawajlandırıwshı, denesin durıs qa’liplestiriwshi ha’m jalpaq taban keselinin’ aldın alıwshı arnawlı shınıg’ıwlar da usınıs etiledi.

Deneta’rbiyası boyınsha orınlanatug’ın jumıstı durıs rejelestiriw ha’m o’tkeriw onı na’tiyjeli sheshiw og’ada a’hmiyetli bolıp tabıladı.

Ku’n dawamında ha’r qıylı shınıg’ıwlardın’ fizikalıq shınıg’ıw ha’m ha’reketli oyınlar menen qosıp alıp barılıwı, balanın’ durıs ha’reketin ta’miyinlewge ja’rdem beredi.

Shınıg’ıwlarg’a usınılıp atırg’an bag’darlama materialı o’tkeriletug’ın fizikalıq salamatlandırıw ilajları erkin shınıg’ıwlar ha’m oyınlar ushın tiykar boladı. Bilimlendiriw wazıypasının’ tiykarı, fizikalıq ta’rbiya shınıg’ıwlarında, ta’rbiyalıq ha’m salamatlandırıw wazıypalarının’ fizikalıq sıpatların jetilistiriw, balalar organizminin’ iskerligin rawajlandırıw, onın’ iske uqıplılıg’ın arttırıw arqalı a’melge asırıladı. Shınıg’ıwlar durıs sho’lkemlestirilse, qızıqlı, u’lgili jaqları jetilistirilse, balalardın’ o’z waqtında dem alıwına itibar berilse g’ana fizikalıq shınıg’ıwlardın’ na’tiyjeliligi artadı. Shınıg’ıwda en’ tiykarg’ısı shınıg’ıw ha’m oyınlardın’ durıs bo’listirilgeninde. Bunda shınıg’ıwdın’ tiykarg’ı wazıypasın ajıratıp biliwi kerek, onın’ mazmunın, go’zlegen maqsetin esapqa alıp, bala denesinin’ bazı bir bo’limlerine ha’r ta’repleme ta’sir etiw kerek. Sonın’ ishinde, shınıg’ıwlardın’ na’tiyjeliligin arttırıw maqsetinde ha’r qıylı shınıg’ıwlardı bir-biri menen baylanıstırıw za’ru’r bolıp tabıladı.

Shınıg’ıwdı rejelestiriwde ha’reket ta’rtibin ha’m ta’kirarlanıwın, wazıypanı durıs bo’listiriw menen balalardı sho’lkemlestiriwdin’ en’ anıq ha’m durıs usılları na’zerde tutıladı. Bug’an en’ aldı menen jeterli ha’reket etiw belsendiligi ha’m shınıg’ıwlardın’ tıg’ızlıg’ın ta’miyinlew arqalı erisiw kerek. Shınıg’ıwlardı

rejelestiriwde topardın’ sharayatı, shınıg’ıwlar ushın kerekli bolg’an u’skenelerdin’ barlıg’ı esapqa alınadı. Ashıq hawadag’ı shınıg’ıwlardın’ mazmunı jıl ma’wsimlerine, hawa rayına muwapıq tu’rde tan’lap alınadı. Shınıg’ıwdı rejelestiriw ha’m o’tkeriw usılları ha’r qıylı bolıp, olar tiykarınan ha’reket ja’ne oyın shınıg’ıwları, bir qa’liptegi shınıg’ıwlardan baslap ha’r tu’rliligi menen, yag’nıy ha’reketli oyınlar, xalıq oyınları, estafetalar, ashıq hawada o’tkeriletug’ın shınıg’ıwlardı o’z ishine aladı.

Azang’ı dene shınıqtırıw, seyildegi fizikalıq shınıg’ıw ha’m oyınlardı shınıg’ıwlardın’ oqıw materiallarına muwapıqlastırıw za’ru’r. Ku’nnin’ tu’rli waqıtlarında balalardın’ ha’reket etiw belsendiligin esapqa alıw, usıg’an qaray, ha’reket ko’nlikpesin ha’m ta’jiriybelerin qa’liplestiriw ushın ha’reket belgilerin arttıratug’ın shınıg’ıwlardın’ ha’r tu’rli usılları usınıs etiledi.

Balalardın’ erkin ha’reketi ta’rbiyashının’ tikkeley basshılıg’ında o’tedi. Ol ha’r bir balanın’ oyın ha’m shınıg’ıwlardı erkin tan’lawına ha’reket etedi.

Ta’rbiyashı is-ha’reketke say u’skeneni tan’law jolı menen balalardın’ sho’lkemlestiriwshilik qa’biletinin’ o’siwine ja’rdem beredi. Ta’rbiyashı (mektepke shekemgi bilimlendiriw ma’kemelerinde ha’m shan’araqta a’melge asırılatug’ın) fizikalıq ta’rbiya protsessinin’ izbe-izligi ha’m u’zliksizligine ayrıqsha itibar qaratadı. Ol bul jumıslardı rejelestirgende balanın’ o’zine ta’n o’zgesheligi, rawajlanıwı, salamatlıg’ı, fizikalıq jaqtan jetilisiwi, qızıg’ıwı, qa’bileti esapqa alınadı. Fizikalıq ta’rbiya bag’darlamasında ha’r bir topardag’ı ku’ndelikli ha’reketler belgilengen.

Ha’rekettin’ qa’liplesiwine ja’rdem beriw, balanın’ do’gerekke ko’nligiwin ta’miyinlew, gewdenin’ tik turıwın saqlawg’a u’yretiw.

Balalardın’ erkin oyınlarda ha’reket belsendiligin basqarıwına ja’rdem beriw ha’m og’an sharayat jaratıw.

Ha’reketli oyınlardı oynawg’a bolg’an za’ru’rlikti payda etiw.

Balalardı ta’rbiyashının’ ko’rsetpesine eliklegen halda ha’reketin tu’sinip, birgelikte ha’reket etiwge, o’z ha’reketin basqalardın’ ha’reketi menen salıstırıwg’a u’yretiw.

Balalarda fizikalıq ta’rbiya shınıg’ıwlarına, sonday-aq, azang’ı gimnastikag’a unamlı emotsional qatnastı oyatıw. Ta’rbiyashı ta’repinen sho’lkemlestirilgen oyın-shınıg’ıwlar, ha’reketli oyınlarda belsene qatnasıwı h.t.b

Demek, mektepke shekemgi jastag’ı balalardı fizikalıq jaqtan shınıqtırıp ha’m rawajlandırıp barıw, bul olardın’ basqa iskerlik tu’rlerinde de de aktiv qatnasıwına imkan jaratadı.

## II.3 Balanin` ruwhiy rawajlaniwinda ta`rbiya ha`m ta`limnin` roli

Rawajlaniw insandag`i fizikaliq, ruwhiy ha`m ja`miyetlik protsess bolip, ol barliq tuwma ha`m iyelegen sipat o`zgerislerin o`z ishine aladi.

Fizikaliq rawajlaniw boyinin` o`siwi, dene ha`m muchkul kushinin` artiwi, sezgi ag`zalarinin` bekkemleniwi, ha`reketlerin duris basqara biliwi ha`m usig`an uqsasliqlar menen  baylanisli.

Ruwhiy rawajlaniw bolsa insan shaxsindag`i psixikaliq sipat ha`m belgilerinin` qa`liplesiwi, emotsional erklilik, biliw protsessinde za`rur o`zgerisler juz beredi.

Balanin` ja`miyetlik rawajlaniwi ol ja`miyetlik turmista qatnasa baslag`anda, onin` minez-qulqinda, do`gerek-a`tirapga bolg`an qatnasinda, ayniqsa ja`ma`a`t islerinde qatnasiwinda payda boladi.

Insannin` rawajlaniwi bul insan organizmi ha`m ruwhiyatinda do`gerek-a`tiraptag`i turmis ta`sirinde juzege keliwshi sipat o`zgerisler.

Sirtqi ta`sir ishki protsess penen qarama-qarsiliqti juzege keltiredi, ma`selen, balanin` jan`a talabi menen imkaniyati ortasinda juzege kelgen qarama-qarsiliq yamasa sa`ykeskelmewshilik onin` rawajlaniwin ha`reketke keltiriwshi kush esaplanadi.

Baladag`i mine usinday fizikaliq ha`m ruwhiy o`zgerislerdin` ju’z beriwinde, balanin` rawajlaniwi, yag`niy shaxstin` qn`a`liplesiwinde biologiyaliq ha`m ja`miyetlik faktor jetekshi rol` oynaydi.

Ta`biiy ha`m ja`miyetlik faktordin` o`z-ara ta`siri shaxstin` tariyxi ha`m ontogenetik rawajlaniwi protsessinde juzege keledi. Insan ja`miyetlik iskerlik protsessinde o`zindegi biologik, ta`biiy o`zgesheliklerdi joq etpeydi, al o`zlestiredi. Ha`r bir isan iskerliktin` bir turine basqa turlerge qarag`anda ko`birek qa`biletli boladi.

Insan qa`bilet ha`m qizig`iwlarin a`melge asiriw ushin do`gerek-a`trapdag`i ta`biyat ha`m insanlar menen o`z-ara ta`sir etiwge kirisedi. Onin` do`gerek-a`traptag`i barliqqa aktiv qatnasi onin` zatlar menen bolatug`in iskerligi arqali a`melge asiriladi.

Insan o`zinin` talabin qandiriw ushin do`gerek-a`tiraptag`i turmis ha`m insanlar menen o`z-ara aktiv ta`sirge kirisedi. Insannin` dun`yag`a aktiv qatnasi onin` zatlar menen bolatug`in iskerliginde payda boladi.

Islep shig`ariw usili, islep shig`ariw qatnaslari ha`m olar tiykarinda juzege keliwshi ja`miyetlik ortaliq, nsannin` aktiv ruwhiy turmisi onin` shaxsi mazmunin` belgileydi.

Pedagogika shaxs tariyxiy protsessinin` ob`ekti ha`m sub`ekti sipatinda rawajlanadi. Iskerlik ha`m ta`rbiya ta`sirinde, ja`miyet ta`repinen jaratilg`an ideyalar, nizam ha`m normalardi o`zlestiriw na`tiyjesinde insannin` shaxsga say bolg`an o`zgeshelik ha`m sipatlari qa`liplesedi, miynetke, adamlarg`a, o`zine qatnasi sistemasi qa`liplesedi. Insan shaxsi onin` ja`miyette tutqan ornina, maqsetine, turmisdag`i roline, nege tiykarlanip ha`reket qiliwina qarap belgilenedi.

Shaxs degende insannin` ja`miyetlik negizi tusiniledi. Shshaxs tusinigi o`z ishine ha`r qiyli ta`sirler ha`m ja`miyetlik ortaliq ta`sirinde qa`liplesken o`zgeshelikler, sipatlar jiyindisi.

Pedagogika pa`ni insan shaxsinin` qa`liplesiwinde insanlar menen qatnasta boliwdin` a`hmiyeti u’lken ekenligin ko`rsetedi.

Ortaliqtin` ta`siri haqqinda ga`p bolg`anda, da`slep ja`miyetlik ortaliq itibarg`a alinadi, sebebi ja`miyetlik ortaliq tusinigine shaxs jasaytug`in ja`miyettegi materialliq sharayat, onin` ekonomikasi, ja`miyetlik ha`m ma`mleket duzimi, islep shig`ariw qatnaslarnin` sistemasi ha`m insanlardin` solar menen belgilengen turmisi kiredi.

Insan ja`miyetlik ortaliqtin` o'nimi. Bul ortaliq o`zgeriwi menen insanda ha`m o`zgerisler ju'z beredi. Insan shaxsinda onin` o`zi jasap turg`an ja`miyetlik ortaliq, yag`niy onin` turmis sharayati, qaysi klassqa tiyisligi h.b. sa`wlelenedi. Ja`miyetlik sharayat tupten o`zgerse, insannin` ruwhiyati ha`m o`zgeredi.

Insannin` ja`miyetlesiwi, ja`miyetke kirip keliwi shan`araqtan baslanadi. Insan shaxsinin` qa`liplesiwinde shan`araqtin` roli u'lken. Shan`araq insanda da`slepki ja`miyetlik ha`m a`dep-ikramliq tusiniklerin, xarakterinin` qa`liplesiwi ushin shart-sharayat jaratadi, sezimnin` rawajlaniwina ta`sir etedi. Balanin` shan`araqta tutqan orni usi shan`araqta neshe bala ta`rbiyalaniwina ha`m baylanisli. Balani qorshap turg`an  u'lkenler onin` turmisin saqlaw, den sawlig`in bekkemlew, do`gerek-a`tiraptag`ilar menen qatansta boliwi haqqinda g`amxorliq qiladi.

Bala mektepke bariwi menen onin` ja`miyetlik qatnasi tezlesedi. Mektepte bala klasindag`i doslari, balalar ha`m jaslar sho`lkemleri, oqitiwshilar ja`ma`a`ti ha`m ta`rbiyashilar menen qatnasqa kirisedi. Sonin` menen bir waqitta balanin` mektepten tisqari qatnaslari ha`m ken`eyedi. Bul waqitta endi teatr, muzey, kinoteatr, kitapxanalar siyaqli ma`deniy oraylar balanin` ruwhiy dun`yasinin` qa`liplesiwine unali ta`sir ko`rsetedi ha`m onin` shaxsiy qizig`iwlarin oyatadi.

Bala mektepke barg`annan keyin ha`m shan`araq ta`siri bala shaxsinin` qa`liplesiwinde za`rur orindi iyeleydi. Bala dun`ya karasinin` qa`liplesiwinde shan`araqtag`i uliwma a`dep-ikramli ortaliq- ata-analardin` ja`miyetlik aktivligi, miynetke qatnasi u'lken ta`sir ko`rsetedi. Eger shan`araqta duris emes ta`rbiya berilse, mektepte berilgen ta`lim menen shan`araq ortasinda balanin` dun`ya karasinda karsiliq juzege keledi. Bul waqitta mektep shan`araqqa, balanin` sanasina ta`sir etiwde jetekshi rol` oynawi,onin` turmis jolin tan`lap aliwinda og`an ja`rdem beriwi lazim.

Isan shaxsi onin` pu’tun o`miri dawaminda qa`liplesip baradi, biraq g`a`rezsiz miynet iskerligine o`tken waqitta onin` xarakterindegi tiykarg`i o`zgeshelikler payda bolg`an boladi. Miynet ja`ma`a`tinde bir neshe jil islegennen keyin ol islep shig`ariwda jas kadrlarg`a basshiliq qiliwi mumkin, shan`araq kurgannan keyin dun`yag`a ko`z qarasi ha`m o`zgeriwi ju’z beredi. Endi ol toplang`an ha`m qabil etilgen turmis ta`jiriybesin jas a`wladqa uyrete baslaydi.

Demek, insan shaxs sipatinda ta`biyat inam etken ha`mde ta`rbiya ha`m ja`miyetlik qa`liplesiw sharayatlarina qarab belgili ta`rizde rawajlang`an talant ha`mde onin` putun o`miri dawaminda a`tiraptag`i waqiyalar menen o`z-ara qatnasi kuralinda payda bolg`an o`zgeshelik ha`m sezimlerdin` bekkem jiyindisinan ibarat. Na`tiyjede ha`r bir insannin` shaxsinda og`an belgili ja`miyettin` wa`kiline, onin` ja`miyetlik toparina say ja`miyetlik o`zgeshelikler ha`mde shaxs sipatinda og`an tiyisli bolg`an o`zine say psixologiyaliq o`zgeshelikler boliwi mumkin. Bul o`zgeshelikler bolsa barliq sirtqi faktorlardin` shaxsga ta`siri na`tiyjesinde juezege keledi ha`m onin` o`zine say minez-qulqinda payda boladi.

Shaxstin` qa`liplesiwi insan ja`miyeti ta`repinen jaratilg`an ja`miyetlik-tariyxiy ta`jiriybeni o`zlestiriw, ta`lim ha`m ta`rbiya beriw arqali a`melge asiriladi. Bul ha`r qiyli iskerliklerde juzege keledi. Ta`lim-ta`rbiya na`tiyjesinde bala o`zi jasap turg`an ja`miyettegi siyasiy sistema menen qatnasqa kirisedi yaki qatnasta bola baslaydi.

Balanin` ja`miyetlik ta`jiriybeni o`zlestirip aliwi uzaq dawam etetug`in bekkem protsess. Bunin` bekkemligi sonda, bala bir ta`repten, mazmuni ha`m ko`lemi ta`repinen bekkem bolg`an insaniyat ta`jiriybesin, ekinshi ta`repten, usi ta`jiriybeni iyelew usillarin o`zlestiriw protsessinde qa`liplesip baradi.

Balalar iyelewi lazim bolg`an mazmundi tan`law, onin` iyelep aliwina basshiliq etiw u’lkenler ta`repinen ta`lim ha`m ta`rbiya protsessinde a`melge asiriladi.

Bunda balanin` ruwhiy-fiziologiyaliq o`zgeshelikleri ha`m rawajlaniw dinamikasi itibarg`a alinadi. Sonin` ushin ta`rbiya ha`m ta`limnin` mazmuni,

formasi o`zgerip, bekkemlesip baradi, og`an ta`sir etiw usillari ha`m o`zgerip turadi.

Ta`rbiya balanin` «rawajlaniw aldi zonasina» qarap o`zgeredi, yag`niy balada bekkemrek mazmundag`i bilimlerdi o`zlestirip aliw imkaniyati payda boliwina qarap belgilenedi (ma`selen, bo`bek embeklewdi o`zlestirip alg`annan keyin juriwge o`tedi, ayrim buwinlardi aytiwdi uyrengennen keyin aktiv tilge o`tiwi, zatlar menen ha`reketlerdi o`zlestirip alg`annan keyin oyin, miynet iskerliginin` payda boliwi h.t.b.).

Insan shaxsi qa`liplesiw da`wirinde bir qansha basqishlardi basip o`tedi. Ha`r bir jan`a basqish alding`i basqish tiykarinda juzege kelip, joqariraq basqishqa shig`iwg`a umtiladi. Erte jasta baslang`an rawajlaniw ha`r dayim adam ushin za`rur a`hmiyetke iye. Ta`lim-ta`rbiya beriwdegi mazmun, metod, oni sho`lkemlestiriw formalari ortasinda baylanistin` barlig`i ta`rbiya beriwdegi za`rur o`zgeshelik.

Ha`r ta`repleme rawajlaniw imkaniyatlarinan ayirilg`an balalar shaxsin qa`liplestiriwde ja`miyetlik ta`rbiya mekemelerinde ta`rbiyanin` sheshiwshi roli payda boladi. Bunday balalar ushin islep shig`ilg`an ta`rbiyaliq ta`sir ko`rsetiw sistemasi olardi o`mirge, miynet iskerligine tayarlaydi.

Biraq ta`rbiyani balanin` imkaniyatina qarap ku’sheytiriw qadag`an etiledi. Sonin` ushin mektepke shekemgi ta`rbiya pedagogikasinda mektepke shekemgi ta`rbiya jasindag`i balalar shaxsin ha`r ta`repleme baylanisli rawajlandiriwdin` maqseti onin` o`siwin bayitiwdan ibarat ekenligi aldin`g`a su’riledi.

Bala shaxstin` qa`liplesiwinde ta`rbiya ha`m ta`lim, bul isti a`melge asiriwshi pedagog jetekshi rol` oynaydi. Bul bolsa ha`r bir bala shaxsinin` qa`liplesiwinde olardin` juwapkerligin asiradi.

Ja`miyetlik-tariyxiy ta`jiriybeni o`zlestiriw aktiv is protsessinde ju’z beredi. Aktivlik balaga say o`zgeshelik. Ta`rbiya protsessinde aktivlik tiykarinda iskerliktin` ha`r qiyli turleri qa`liplesedi. Olardan tiykarg`ilari qatnasta boliw iskerligi, biliw, zatlar menen bolatug`in iskerlik, oyin, a`piwayi miynet ha`m oqiw iskerligi.

Iskerlik turlerinin` o`zi ja`miyetlik-tariyxiy ta`jiriybenin` bo`legi. Ol yaki bul iskerlikti o`zlestirip atirg`an bala iskerlik ko`rsetedi, sonin` menen bir waqitta usi iskerlik penen baylanisli bolg`an bilim, uqipliliq, ko`nlikpelerdi iyelep aladi. Bunin` tiykarinda balada ha`r qiyli shaxsiy qa`bilet ha`m o`zgeshelikler qa`liplesip baradi. Balanin` iskerlikte aktiv jol tutiwi oni ta`rbiyanin` ob`ekti yamasa sub`ektine aylantiradi. Balanin` rawajlaniwinda iskerliktin` jetekshi rol` oynawi usi menen belgilenedi. Bala rawajlaniwinin` ha`r qiyli da`wirlerinde iskerliktin` ha`r qiyli tu’rleri a`melge asiriladi, biraq balanin` rawajlaniwi ha`m ta`rbiyasinda iskerliklerdin` turleri ha`r qiyli bolmaydi, rawajlaniwdin` ha`r bir basqishinda jetekshi iskerlik boladi, rawajlaniwda erisilgen tiykarg`i ko`rsetkishler usi arqali aniqlanadi.

Ta`lim ha`m ta`rbiya arqali a`melge asirilatug`in iskerliklerdi balalar birden o`zlestirip almaydi., olardi balalar ta`rbiyashi basshilig`inda a`sten iyelep baradi.

Balalar ha`r qiyli iskerliklerdi jetiskenlikli iyelep aliwlari tiykarinan shan`arakta, balalar baqshasinda ta`lim-ta`rbiya isinin` qay da`rejede sho`lkemlestiriwine baylanisli.

Insan o`mirinin` birinshi jilinda iskerliktin` a`piwayi en` a`piwayi trleri ondag`i jeke qa`biletler, o`zgeshelikler, do`gerek-a`tirapqa belgili bir qatnastin` qa`liplesiwinde tiykar bolip xizmet qiladi. Ma`selen, u’lkenlerdin` bala menen bolatug`in sezgi, sezgi-predmetli qatnaslarda balada da`stlepki ja`miyetlik talapti payda qiladi, da`slepki ha`reket ha`m oy-pikirler qa`liplese baslaydi.

Ha`reket usillarin iyelep bariw arqali balada aktivlik rawajlaandi. Biraq aktivliktin` qay da`rejede rawjlanip bariwi na`sige ha`mde eliklewshilik qa`biletine baylanisli. Bala o`mirinin` da`slepki jillarinda u’lkenler menen bolatug`in qatnasi ha`m zatlar menen orinlag`an ha`reketi tiykarg`i iskerlik turi esaplanadi. Bala menen qatnasta boliw arqali u’lkenler olardi a`sten zatlar a`lemine alip kiredi. Usi jol menen bala zatlar menen bolatug`in iskerliktin` o`zine say ta`replerin iyelep baradi. Bul waqitta qatnastin` o`zi na`rse ha`m zatlar menen bolatug`in iskerlikke aylanip qaladi.

Balanin` na`rse ha`m zatlar menen bolatug`in iskerlikti sho`lkemlestiriw balag`a da`slepki jasinan baslap shan`arak ha`m mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde ta`rbiya ha`m ta`lim beriwdin` tiykarg`i waziypalarinin` bir esaplanadi. Bunday iskerlikte balalar ta`rbiyashi basshilig`inda na`rse ha`m buimlardin` o`zgeshelikler haqqindag`i da`slepki bilimlerdi, olar menen bolatug`in ha`reketler, analiz, sintez, uliwmalastiriw, abstraktsiyalaw siyaqli en` a`piwayi protsesslerdi iyelep aladi.

2,5 jastan keyin zatlar menen bolatug`in iskerlikte balalar birqansha joqari ko`rsetkishlerge erisedi ha`m olardin` oyin ha`mde suwretlew iskerligine o`tiwleri ushin tiykar jaratadi. U'lkenler ta`repinen sho`lkemlestirilgen qatnaslarda, iskerliklerde o`z-o`zin an`lap aliwdin` da`slepki formalari qa`liplesedi.

Bala ja`ma`a`tte o`zin shaxs sipatinda an`lay baslaydi. Bala rawajlaniwdin` usi basqishinda olar u'lkenlerdin` ko`rsetpesisiz, o`z betinshe ha`reket qiliwdi qa`leydi. Balada minez-quliq sebebinin` payda boliwi ha`m oni o`z qa'lewine boysindira aliwi onda sananin` qa`liplesiwinen derek beredi.

Eger baladag`i iskerlik ha`m o`z betinshelik u'lkenler ta`sirinde oyatilg`an bolsa, onda 4-6 jasli balalar ansha o`z betinshe bolip qaladi ha`m ha`rqiyli iskerliklerge tez kirisip kete aladi. Bunda balalar sanalig`inin` roli artadi, ol ha`tteki do`retiwshilik o`zgeshelik boladi.

Mektepke shekemgi da`wir ushin say bolg`an oyin iskerligi balalardag`i ja`miyetlik biliw iskerliginin` qanday rawajlanip bariwi ilimiy izertlew juwmaqlari ko`rsetip beredi.

Oyinda balalar ta`rbiyashinin` basshilig`inda ha`r qiyli ha`reket usillarin, zat ha`m buimlar haqqindag`i bilimlerdi, olardin` sipat ha`m o`zgesheliklerin bilip aladi. Balalar, sonday aq waqit qatnasiqlari, uxsasliq, ten`lik siyaqli tusiniklerdi ha`m iyelep baradi.

Birgelikte orinlang`an ha`reketli oyinlar arqali balalar insanlar o`mirindegi, olar ortasindag`i qatnaslardi, kelisip ha`reket qiliwdi bilip aladi, olardin` do`gerek-a`tirap haqqindag`i tusinikler ken`eyedi.

U’lken topar balalardin` oyin iskerligi ha`r qiyli bolip qaladi ha`m ha`r ta`repleme rawajlaniw imkaniyatlari ha`m ken`eyedi. Oyin balalardin` qiyalin ha`m rawajlandiradi, do`gerek-a`tiraptag`i barliq, insanlar miyneti haqqindag`i bilimlerin ken`eytiredi, shaxsda ja`ma`a`tshilik sipatlarin qa`liplestiredi.

Bul jastag`i balalarda oyin iskerligi menen bir qatarda iskerliktin` a`meliy formalari ha`m rawajlana baslaydi. Su’wret jabistiriw, zatlar jasaw h.t.b. Bular balalarda qiyaldi, a`meliy oylawda, a`debiy qa`biletti, do`retiwshilikti rawajlandiriwda derek bolip xizmet qiladi.

Barha`ma berip barilatug`in miynet tapsirmalari balalar iskerligin ja`miyetlik ma`plerge boysindiriwg`a, ja`miyetlik paydali miynet iskerlik penen shug`illaniwg`a, miynetten kelgen uliwma na`tiyjeden kuwaniw siyaqli sipatlardi ta`rbiyalawg`a alip keledi. Shinig`iwlardag`i oqiw iskerligi arqali balalar do`grek-a`tiraptag`i ta`biyat haqqindag`i, ja`miyetlik o`mir, insan haqqindag`i bilimlerdi o`zlestirip aladi, sonday-aq olardin` aqliy ha`m a`meliy bilimleri ken`eyip baradi.

Eger ta`lim protsessinde 3-4 jasli diqqati ta`biyat, insanlar haqqindag`i konkret faktge qaratilsa, 5-6 jasli balalarg`a ta`lim beriwde tiykarg`i itibar za`rur baylanislar ha`m qatnaslarg`a, olardi uliwmalastiriwg`a, olardag`i a`piwayi tusiniklerin qa`liplestiriwge qaratiladi ha`m bular arqali balalarda tusinikli oylaw rawajlanadi.

Balalar iyelegen bilimlerinen, aqliy qa`biletlerinen o`zlerinin` turli iskerliklerinde paydalanadi. Bulardin` ha`mmesi bala shaxsinin` qa`liplesiwine ta`sir etedi, olarda jan`a mazmundag`i iskerlikke qizig`iw oyanadi.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasi da`wirinde bala shaxsin qa`liplestiriwge qaratilg`an ta`rbiyaliq ta`sirler sonday da`rejege ko`teriledi, bul onin` mektep ta`limine o`tiwin ta`miyinleydi.

Kishi mektep jasinda balalar ushin oqiw tiykarg`i iskerlik bolip qaladi ha`m bul iskerlik balalar ja`miyetlik a`hmiyetli iskerlik dep an`lay baslaydi. Bala o`zinin` mektep oqiwshisi ekenligin tusine baslaydi. U’lkenlerdin` bala xulqina, iskerligine qoyatug`in ha`m bekkemlesip baratug`in talaplardi aktivlik penen do`retiwshi orinlay baslaydi.

O`smirlik da`wirinde bala o`mirinde oqiw iskerligi menen bir qatarda miynet ha`m ja`miyetlik iskerlik za`rur orindi iyeley baslaydi. Bunday iskerlikti jetiskenli orinlaw na`tiyjesinde balalar a`sten u’lkenler ha`m qatarlari menen qatnasiq qag`iydalarin iyelep baradi, sonday-aq olarda a`dep-ikramliq ha`m ruwhiy da`sturlerge sanali qatnasta boliw qa`liplese baslaydi, olar balanin` talabinda, xulqinda, do`gerek-a`tirapqa bolg`an qarim-qatnasinda sa`wlelenedi.

Demek, balani ta`rbiyalawda, onin` rawajlaniwinda iskerlik jetekshi rol` oynaydi. Sonin` ushin ta`lim-ta`rbiya mekemelerinde ha`m shan`arakta balanin` o`mirin ol turli iskerlik penen shug`illana alatug`in qilip sho`lkemlestiriw kerek. Bug`an, a`lbette, balalar iskerliginin` mazmunin bayitip bariw, jan`a bilim, uqipliliqlardi sin`diriw, o`zbetinshelikti rawajlandiriw ha`m usi siyaqli menen erisiledi.

# JUWMAQLAW

Bolajaq ta'rbiyashılarg'a balalar baqshasında balalar menen alıp barılatug'ın islerine ulıwma teoriyalıq ma'selelerin ashıp berer eken, mektepke shekemgi ta'rbiya pedagogikası ta'rbiyanın' maqsetin ha'm wazıypaların, mazmunın, olardın' forma ha'm metodların tan'law nızamlıqların belgilewshi pa'n sıpatında ju'zege keledi.

Mektepke shekemgi ta'rbiya mekemelerinde balalardın' turmısın mazmunlı etip sho'lkemlestiriw, olardın' waqıtların paydalı ha'm qızıqlı etip, olardın' erkin pikirlewin rawajlandırıw, olardı fizikalıq jaqtan rawajlandırıw, olardı u'lkenler miyneti menen tanıstırıw, olardın' do'retiwshiligin rawajlandırıw ushın sharayatlar jaratıwdı na'zerde tutadı.

Ha'r ta'repleme rawajlang'an insandı ta'rbiyalaw xalıq pedagogikasının' bay ta'jriybelerinin', sonday-aq ta'lim-ta'rbiyanın' jan'a forma ha'm usılların ha'zirgi zaman pedagogika iliminin' jetiskenliklerin engiziw, bular arqalı balalarda qızıg'ıwshılıq oyatıw, o'z betinshe do'retiwshilik miynetke, a'dep-ikramlılıqqa ta'rbiyalaw ja'ne de olardı ha'r ta'repleme rawajlandırıw bizin' baslı maqsetimiz.

Balanın' den-sawlıg'ın bekkemlewde ha'm fizikalıq rawajlanıwına miynet u'lken ta'sir tiygizedi. Dene ta'rbiyası tarawında belgili orındı oyınlar iyeleydi. Oyınlar xalıq tu'siniginde tek kewil ko'teriw bolıp qoymastan aqıldın' rawajlanıwında ha'm fizikalıq a'dep-ikramlılıq, estetikalıq ta'rbiya beriwde ayrıqsha qural boladı. Balalar baqshasında islewshi ha'r bir baqsha xızmetkeri ishki miynet ta'rtibin jaqsı biliwi, ta'lim ha'm ta'rbiya jumısların jobalastıra biliwin ha'm sho'lkemlestire alıwı, baqshanın' toparlarda qalay u'skenelew, balalardı awqatlandırıw, xojalıq, turmıs invektorların mebel razmerlerin, is haqı to'lew sıyaqlı balalar baqshasının' sha'rt-sharayatların biliwi, qabardar bolıwı sha'rt.

Balalar baqshasının' jumısları belgilengen nızam ha'm qag'ıydalar tiykarında sho'lkemlestiriledi. Mektepke shekemgi mekeme ma'mleketlik yamasa belgili bir mekemege qaraslı bolıwına qaramastan bilimlendiriw, den-sawlıqtı saqlaw wa'zirliginin' shıg'arg'an instruktivlik formativlik proektte qurılıp ol sanitar

gigienalıq talapqa juwap beretug'ın o'rt qa'wipsizliginen saqlawshı, o'zinin' uchastkasına iye bolıwı ha'm topar xanaları jeterli bolıwı kerek. Mine usınday baqshasının' balalardı ta'rbiyalawdag'ı wazıypaları to'mendegilerden ibarat`

1. Balalardın' o'mirin qorg'aw, olardın' den-sawlıg'ın bekkemlew.

2. Metodikalıq, gigienalıq ko'nlikpe a'detlerin qa'liplestiriw, tazalıqtı saqlawdı a'detke aylandırıw.

3. Nerv-psixikalıq jaqtan rawajlandırıw balanın' sana-sezimin o'siriwshi, rawajlandırıwshı shınıg'ıwlardı ko'p paydalanıw.

4. İmanlı, a'dep-ikramlılıq sezimlerin du'nyag'a ta'biyatqa bolg'an su'yispenshiligin oyatıw, go'zzallıqqa bolg'an estetikalıq sezimlerin oyatıw.

5. Tuwılg'an jerine, xalqına su'yispenshilik penen ha'm xalıq milleti balalarda hu'rmet penen qarım-qatnas jasawg'a ta'rbiyalaw.

6. U'lkenge hu'rmet, kishige izzet degendey joldaslıq, sıylasıqlıq qa'siyetlerin oyatıw.

7. Ma'deniyatqa, ta'rtiplilikke, jaqsı minez-qulıqqa ta'rbiyalaw.

8.Miynetke u'yretiw.

Sonlıqtan balalardın' ha'r ta'repleme rawajlanıwın ta'miyinlewge qaratılg'an pedagogikalıq protsess en' a'hmiyetli bolıp, ta'lim-ta'rbiya jumısların sho'lkemlestiriw balalar is-ha'reketlerin ha'r qıylı tu'rlerin shınıg'ıwlar arqalı ta'lim-ta'rbiya beriw balalardın' erkin is-ha'reketlerin rawajlandırıw, olardın' o'z miyneti ha'm u'lkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı a'melge asırıladı.

## Paydalang’an a’debiyatlar:

1.Karimov.İ.A. Bizning bosh maqsadimiz jamiyatni demokratiyalashtirish va yangilash mamlakatni modernizatsiya va islox etishdir. T. 2005y.

3. Karimov.İ.A. Barkamol avlod orzusi. T-1997y.

4. Sh.Sodiqova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T.2010y.

5. Sh.Shodmonova. Maktabgacha talim pedagogikasi. T.2008y.

6. R.İ.Sunnatova. K.D.Tleumbetova. Psixolog sandıqshası. N.2011j

7. Nishonova.Z.T.Bolalar psixodiagnostikasi. Toshkent.1998.

8. Bolajon tayanch dasturi. T-2010.

9. U’zliksiz bilimlendiriw barısında ruwxıylıq ha’m ag’artıwshılıq ma’seleleri. İlimiy konferentsiya materialları. No’kis. 2000.

10. Bola tarbiyasida bog’cha va oila xomkorligi. T. 2004.

11. R.Mavlonova va boshk. Pedagogika. T-2000.

12. Ziyamuxamedova va boshq. Pedagogika. T-2001.

13. S.A.Kozlova. T.A.Kulikova. Doshkolnaya pedagogika.

14. A.Atoev. Farzandingiz barkomol bulsin.T-2000

15. Kotelevskaya V. Anisimova T. Doshkolnaya pedagogika. M-2002.

16.Bolotina L.Baranov S. Kamarova T. Doshkolnaya pedagogika. M-2005.

17. O Xasanboeva va boshq. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. T-2011.

18. Bolotina L.Baranov S. Kamarova T. Doshkolnaya pedagogika. M-2005.

19. O Xasanboeva va boshq. Tarbiyaviy ishlar metodikasi. T-2011.

20. Semenyuk L.M Xrestomatiya pr vozrastnoy psixologiya - M. “ İzd-vo” 1998

21. Shuare M.O.V.V. Davıdova Vozrastnaya i pedagogicheskaya psixologiya».– M. 1992

22. Basina E.Z., Bertsfarm L.V., Bugrpmenko E.A. Osobennosti psixicheskogo razvitiya detey 6-7 letnogo vozraste. – M. “İzd-vo” 1988

23. Andrushenko T.Yu. Jalilova G.M. Krizis razvitiya rebenka semi let/ psixodiagnosticheskaya i korrektsionna razvivayushaya rabota psixologa. – M. 2003
24. Nishonova Z.T., Alimova G.K. “Bolalar psixologiyasi va uni o’qitish metodikasi”. T.: 2005 yil
25. Bogdanova. G Vozrastnaya i pedagogicheskaya psixologiya T.: TDPU - 2003